O`zbekstan Respublikasi xaliq bilimlendiriw wa`zirligi
A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq institutı

Mektepke shekemgi ta`lim kafedrasi
«Mektepke shekemgi ta`lim ha`m balalar sporti» ta`lim bag`darinin` 4 «G» - kurs talabasi

*Jabbarbergenova Aynura*

# ***PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI***

Tema: **Balalardı ta`rbiyalawda mektepke shekemgi ta`lim mekemesinin` shan`araq penen birge islesiw jolları**

Ilimiy basshi: K.Tajimuratova

**Kafedra baslig`i: ps.i.k. Q.Tlewmbetova**

No`kis - 2013 j

**Tema: Balalardı ta`rbiyalawda mektepke shekemgi ta`lim mekemesinin` shan`araq penen birge islesiw jolları**

Mazmunı

Kirisiw………………………………………………………………..3
I bap. Balalar ta`rbiyasında shan`araqtın` tutqan ornı
1.1.Shan`araqtın` birden-bir maqseti–balalar ta`rbiyasına qaratılg`anlıg`ı…………………………………………………………8
1.2. Balalardı ta`rbiyalawda mektepke shekemgi ta`lim mekemesinin` shan`araq penen birge islesiw jolları
II bap. Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinin` shan`araq penen birge islesiw formaları…………………………………………………………15
2.1.MShT mekemesi ha`m ata-analar ortasında alıp barılatug`ın islerdin` mazmun ha`m a`hmiyeti……………………………………………………22
2.2. Shan’araq ta’rbiyasinin’mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri menen birgeliktegi alıp barılatug`ın jumısları haqqinda……………………………31
2.3.Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiw turleri…………………………………………………………41
Juwmaqlaw…………………………………………………………48
Paydalanılg`an a`debiyatlar ………………………………………...51
Qosimsha……………………………………………………………..53

## Kirisiw

**Temanın` aktuallıg`ı:** O`zbekistan Respublikası «Bilimlenliriw haqqında»g`ı nızam ha`m «Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`ri»nde bilimlendiriw tarawındag`ı maqset ha`m wazıypalar anıq ko`rsetilgen. Bunda rawajlang`an demokratiyalıq ja`miyet da`rejesindegi joqarı kvalifikatsiyag`a iye Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlamasın du`ziw ayrıqsha atap o`tilgen.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalarg`a ta`rbiya beriwdin` baslı maqseti, bul ha`r bir insandı ha`r ta`repleme aqılıy jaqtan rawajlang`an etip ta`rbiyalaw, ha`r ta`repleme rawajlang`an insan degende, deni saw, ku`shli, g`ayratlı, o`z ana Watanın su`yiwshi mehriban, u`lkenlerdi sıylap, kishkenelerge g`amxorlıq jasawshı aqılılıq penen is tutıwshı adamlardı tu`sinemiz.

O`zbekstan Respublikası mektepke shekemgi ta`lim haqqındag`ı Nızamg`a muwapıq bala mektepke shekemgi ta`limdi u`yde, ata-analardın` erkin ta`lim beriwi arqalı yamasa dawamlı iskerlik ko`rsetetug`ın mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde, sonday-aq mektepke shekemgi ta`lim mekemelerine qaratılmag`an balalar ushın mektepke shekemgi ta`lim mekemelerde, mekteplerde, ma`ha`llelerde sho`lkemlestirilgen arnawlı toparlar yaki oraylarda aladı. Bul jerde olar ha`ptede 2-3 ret shug`ıllanadı. Ata-analarg`a mektepke shekemgi ta`lim formasın tan`law huqıqı beriledi.

6-7 jaslı balanın` mektep ta`limine tayarlıg`ın anıqlawdı mektepke shekemgi jastag`ı balalar ta`lim-ta`rbiyası menen shug`ıllanıwshılar tiykarg`ı sha`rt esaplang`an – balanın` mektepke tayarlıg`ı mektepke shekemgi ha`m mektep da`wirindegi turmıs ta`rizi ha`mde iskerligi ushın ko`pir wazıypasın atqarıwı, shan`araq yamasa mektepke shekemgi ta`lim mekemesindegi ta`lim-ta`rbiya sha`rayatlarındag`ı mektep ta`limine azarsız o`tkeriwdi ta`miyinlew za`ru`rligin esapqa alıwları kerek.

Mektepke shekemgi jastag`ı balanın` mektep ta`limine o`tiwi ha`r dayım onın` o`miri, a`debi, qızıg`ıwı ha`m mu`na`sibetlerinde bir qansha qatan` o`zgerislerdi ju`zege shıg`aradı. Sonın` ushın balanı yaki u`yde-aq mektep ta`limine tayarlaw, onı onsha qıyın bolmag`an bilim, tu`sinik, ko`nlikpe ha`m iskerlikler menen tanıstırıw kerek boladı.

Balalardı mektepke tayarlaw, birinshiden balalar baqshasında ta`rbiyalıq isti mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı ulıwma, ha`r ta`repleme rawajlandırıwdın` joqarı da`rejesin ta`miyinleytug`ın, ekinshiden balalardı mekteptin` baslang`ısh klaslarında o`zlestiriwleri lazım bolg`an oqıw pa`nlerin iyelewge arnawlı tayarlawdı ta`miyinleytug`ın qılıp sho`lkemlestiriliwin na`zerde tutadı. Usıg`an ko`re zamanago`y psixologiyalıq-pedagogikalıq a`debiyatta (A.V.Zaparojets, A.A.Venger, G.M.Lyamina, G.G.Petrogenko, J.V.Taruntaeva ha`m basqalar) tayarlıq tu`sinigi bala shaxsının` rawajlandırıw sıpatında anıqlanadı ha`m eki o`z-ara baylanısqan ta`replerinde: «Mektepke oqıwg`a ulıwma psixologiyalıq tayarlıq» ha`m «Arnawlı tayarlıq» ta`rizinde ko`rip shıg`ıladı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar tiykarınan Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde ha`m shan`araqta mektepke tayarlanadı. Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerde balalardın` rawajlanıwı ha`m mektepke tayarlaw 3 basqıshta a`melge asadı:

1. Balalar tilin rawajlandırıw
2. Fizikalıq rawajlandırıw
3. Ruwxıy jaqtan rawajlandırıw

Balalardı mektepke tayarlawdan maqseti bala shaxsın balalardı mektepke shekemgi jastag`ı balalar ta`lim-ta`rbiyasına qoyılatug`ın ma`mleket talaplarına muwapıq salamat ha`m jetik mektepke oqıwg`a tayarlang`an ta`rizi qa`liplesiwinen ibarat.

Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerdin` shan`araq penen islesiw sistemasında anıq maqset, mazmun bolıwı kerek. Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinin` ata-analar menen islesiwinen ja`ma`a`t ta`rizinde ha`m jeke halda islesiw formaların sheberlilik penen qosıp alıp barıw, ken` ja`ma`a`t arasında pedagogikalıq analiz islerin sho`lkemlestiriw arqalı balalardı ta`rbiyalawda unamlı na`tiyjelerge erisiw mu`mkin. Balalar baqshası qa`nigelerinen ata-analar ha`m shan`araq penen birge islesken jumıslarınan en` ken` tarqalg`an forma ha`m usılların keltiremiz.

- Ata-ana ha`m shan`araq penen jeke islesiw. Bunda shan`araqta ta`rbiyashının` barıwı, ata-analar ushın sa`wbet o`tkeriw, olarg`a ma`sla`ha`t beriw, ata-analardı balanın` Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerindegi turmısı menen tanıstırıw sıyaqlılar kiredi.
- Ata-analar menen ja`ma`a`t ta`rizinde sho`lkemlestiriletug`ın jumıslar. Bular ata-analardın` toparlıq ha`m ulıwmalıq ma`jilisleri, ata-analar mektebi, shembilikler, soraw-juwap kesheleri.
- Ko`rsetpeli jumıslar – jumıstın` bul tu`ri: ko`rgizbeler uyımlastırıw, balalardın` islerin ko`rsetiw, ashıq esikler ku`ni, ata-analar mu`yeshi, ata-analar ushın kitapxanalar sho`lkemlestiriw.
- Balanın` shan`arag`ın barıp ko`riw ha`m shan`araq ag`zaları menen jaqınnan tanısıw.
- Ata-analar pedagogikalıq ta`lim beriw ha`m basqalardı ko`rsetiw mu`mkin.

Ata-analar balanı mektepke tayarlawda onda miynet ko`nlikpe ha`m iskerliklerin payda etiwge, miynetke mu`ta`jlikti ta`rbiyalawg`a, basqalardın` miynetin qa`dirlewge, miynet na`tiyjelerin abaylawg`a u`yretiwge qatan` itibar beriwi lazım. Miynet balalarda uyısıw, dıqqat, intizamlılıqtı ta`rbiyalaw, sonday-aq maqsetke erisiwde shıdam sıyaqlı qa`siyetlerin rawajlandırıw quralı bolıp tabıladı.

- Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı shan`araqta ta`rbiyalawdı, ata-analar menen birge islesiwdi bunnan keyin ja`ne de quramalastırıw jolların izlepr tabıw shan`araqlıq ta`rbiyanın` sotsial ta`rbiya menen baylanısın bekkemlew mektepke shekemgi ta`rbiya mekemeleri qa`nigeleri pedagogikalıq printsipler, bul tarawda ilimiy is alıp barıwshı izleniwshilerdin` ha`m metodistlerdin` za`ru`r wazıypası.

**Temanın` maqseti:** Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ha`r ta`repleme rawajlanıwın ta`miyinlewge qaratılg`an bolıp, mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinin'balalardi ta'rbiyalawda ata-analar menen alip barilatug'in jumislarinin' mazmuni, sonday-aq pedagogikalıq protsesstin`, ta`lim-ta`rbiyalıq islerdin` jaqsı a`melge asırılıwın ha`m ha`r bir iskerlik tu`rin durıs qa`liplestiriwge baylanıslıg`ın ta`miyinlewden ibarat.

**Temanın` wazıypası:** Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi qa`nigelerinin` en` birinshi wazıypası – balalar baqshası ta`rbiyalanıwshılarının` ata-anaları ha`m shan`arag`ının` basqa ag`zaları oyında bala ta`rbiyasında shan`araq birinshi da`rejeli a`hmiyetke iyeligi ha`m ha`r bir shan`araq balalarının` aktivlesiwinde shan`araqlıq ha`m sotsial ta`rbiyanın` birligine erisilgende g`ana ku`tilgen na`tiyjege alıp keliwine shuqır isenim oyatadı. Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi ata-analarda pedagogikalıq bilimler tiykarın jaratadı. Olarda ta`rbiya haqqındag`ı pa`nge qızıg`ıw oyatıwdan ibarat.

**Temanın` ob`ekti:** Nokis qalalıq №16 mektepke shekemgi ta`lim mekemesi.

**Temanın` metodları:** Mektepke shekemgi jastag`ı balalarda pedagogikalıq protsessti sho`lkemlestiriw boyınsha baqlaw, eksperiment, anketa, gu`rrin`lesiw metodlarınan paydalanıw.

**Temanın` jan`alıg`ı:** Bul jumısta mektepke shekemgi ta`lim mekemesi balalardın` mektep ta`limine tayarlıg`ına ta`sir etiwshi printsipler haqqında

aytar eken, mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı shan`araqta ta`rbiyanın` ata-analar menen birge islesiwde, bunnan keyin ja`ne de quramalastırıw jolları izlep tabılsa maqsetke muwapıq bolar edi. Shan`araqtag`ı ta`rbiyanın` sotsial ta`rbiya menen baylanısın bekkemlew mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi qa`nigelerinin` pedagogikalıq alımları, bul tarawda ilimiy jumıs alıp barıwshı ta`jiriybe ha`m metodistlerdin` ornı ju`da` u`lken ekenligi  na`zerde tutılg`an.

**Temanın` du`zilisi:** Kirisiw, II bap, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlardan ibarat.

# I bap. Balalar ta`rbiyasında shan`araqtın` tutqan ornı

## 1.1. Shan`araqtın` birden-bir maqseti – balalar ta`rbiyasına qaratılg`anlıg`ı

Bizin` ma`mleketimiz shan`araqlar sharayatın jaqsılaw, olardı materiallıq jaqtan ta`miyinlewdi ku`sheytiw maqsetinde g`amxorlıq qılmaqta. Ma`mleket ha`m ja`ma`a`tshilik balalardı tarbiyalawdı yasliler ha`m baqshalar, mektep-internatlar ha`m basqa usınday mekemeler bo`limlerin ken`eyttiriw arqalı shan`araqlarg`a ha`r ta`repleme ja`rdem bermekte.

Respublika basshıları shan`araqlarg`a ha`r ta`repleme ja`rdem beriwdi o`zinin` tiykarg`ı wazıypalarının` biri dep esaplaydı.

Ma`mleketimiz balalarının` yaslide, baqshada ta`rbiyalanıwı, ulıwma ta`lim mektebinde, akademiyalıq litsey, ka`sip o`ner kolledjlerinde, joqarı oqıw orınlarında bilim alıw ushın sarplanatug`ın qa`rejetlerdi jıldan-jılg`a ko`beyttirip barmaqda.

Ma`mleketimiz basshıları shan`araqtı bekkemlew, onın` sharayatın jaqsılaw, adamlardın` turmıs parawanlıg`ın asırıwg`a ju`da` u`lken a`hmiyet bermekte. Shan`araqtın` bekkemligi balalardı ha`r ta`repleme tuwrı ta`rbiyalawg`a mumkinshilik beredi. Shan`araq, mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri, mektep, miynet ja`ma`a`tleri ortasındag`ı baylanıstı jaqsılaw, ata-analardın` balalar ta`rbiyası ushın juwapkershiligin asırıw da`wir talabı esaplanadı.

Balanın` ta`rbiyasına shan`araqtag`ı sırtqı shart-sharayatlar u`ydin` jihazlar menen tolıqtırılıwı, gieginalıq, ulıwma ma`deniyat ha`m estetikalıq talapqa juwap beriwi de ta`sir etedi.

Perzent-shan`araqtın` quwanıshı, ata-ananın` tayanıshı, ja`miyettin` tiregi esaplanadı. Balalardın` sharapatı menen o`mir ja`nede shiyrin.

Perzent o`mir miywası, shan`araq maqtanıshı, keleshegi, baxtı esaplanadı. Ata-ananın` ja`miyette tutqan ornı, perzent tarbiyasında u`lken a`hmiyetke iye.

Shan’araq o’zinin’ tariyxiy rawajlaniwi da’wirinde uzaq ha’m quramali joldi basip o’tti. Bul joldin’ o’zine ta’n o’zgesheliklerinen biri ja’miyettin o’z–ara baylanislari ha’m sotsial waziypalarinin’ tu’pten o’zgergenligi.

Ja’miyettin’ sotsial, ekonomikaliq du’zilisinin’ o’zgeriwi shan’araqtin’ qa`liplesiwine, onin` o`z–ara baylanis formalarina ta`sir ko`rsetedi. Ayriqsha, ja`miyettin` materialliq texnikaliq ha`m ruwxiyliq bag`darindag`i o`zgerislerin shan`araq xizmetinin` o`zgeriwine sebep bolmaqta. Bunday o`zgerisler shan`araq quriw, mehir-muhabbat, o`z-ara dosliq ha`m perzent ko`riwdi rejelestiriwde o`z sa`wlesin tawmaqta.

Ma`mleketimiz shan`araqlardi o`zinin` alip baratug`in siyasati orayinda alip qaraydi. Usi sebepli mu`mkinshilik ortalig`inda mtaerialliq ha`m ruwxiyliq ja`rdem beriwge ma`jbu`r. Shan`araqliq ta`rbiya mektep, ja`ma`a`tshilik penen birligin ta`miyinlewden ma`pli.

Shan`araqtin` en` za`ru`r o`zgesheliklerinen biri insanlar a`wladin ko`beyttiriw. Balalardi sotsial turmisqa tayarlaw barasinda shan`araq ma`lim da`rejede sotsial sho`lkemler menen ja`miyet rawajlaniwina uyg`in halda xizmette bolmaqta. Shan`araqliq ta`rbiya mashqalalarin izertlew, tiykarinan eki bag`darda alip barilmaqta. Bir ta`repte shan`araqliq ta`rbiya pedagogikanin` da`stu`riy bo`legi sipatinda u`yrenilmekte. Ekinshi ta`repinen shan`araq sotsiaologiya ha`m filologiya bag`darinda da izertlenbekte. Baspa so`zde dag`azalang`an maqalalarinda usi salag`a qiziqqan alimlardin` shan`araqliq ta`rbiya o`zgesheliklerine sotsial-filosofiyaliq qarasinan jandasip atirg`anliqlari ma`lim bolmaqta.

Balalardin` balalar yasli ha`m balalar baqshasinda uzaq mu`ddet boliwlarin olardin` jetilisiwine, iqtiyaj, qizig`iw ha`m qarim-qatnas

xarakterine jaman ta`sir ko`rsetedi. Baxitqa qarsi ha`zirgi waqitta ata-analardin` islep shig`ariwda ko`plep shug`illaniwlari sebepli o`zlerinin` toliq ta`rbiyaliq waziypalarin orinlay almasliqlarin tastiyiqlamaqta.

Shan`araqliq ta`rbiya sotsial ta`rbiya menen tig`iz baylanista bolsa o`sip kelatirg`an jas a`wlad  pa’rawanlig`in ta`miyinlew mu`mkin. Ol yaki bunisinin` joqlig`i ta`rbiyaliq protsesske jaman ta`sir ko`rsetedi.

Respublikamizda ha`zirgi ku`nde shan`araqlardin` sotsial a`hmiyeti artip barmaqta. Shan`araqlardin` materialliq iqtiyajlarin toliq qandiriw tiykarinda balalar ta`rbiyasi ushin juwapkershilikti ku`sheyttiriw protsessi tezlespekte. Biz ushin shan`araq bekkemligin ta`miyinlewshi a`dep-ikramliliq psixologiyaliq baylanislar ha`m ju`da` za`ru`r. Usi baylanis shan`araqliq mu`na`sibetler, toliq sezimlik, emotsionalliq, ataliq ha`m analiq, shan`araqliq baxitti ta`miyinlew iqtiyajlarin qandiradi.

Ata-analarg`a pedagogikaliq bilim beriw, shan`araqliq ta`rbiya boyinsha ta`jiriybe almasiwi, ata ha`m analardi ta`rbiya jumislarina qizg`in tartiw olardi mektepke, ma`ha`lle komitetlerine mira`t etiw maqsetke muwapiq. Ata-analardin` bul baradag`i en` za`ru`r waziypalari balalari jetilisiwin aldinan oylawlari, ta`rbiya maqsetin aniqlaw.

Qoyilg`an maqsette a`melge asiriw xizmeti sheberlik penen sho`lkemlestiriwge baylanisli. Bunin` ushin:

a) Balalardin` turmisi ha`m shinig`iwin tuwri sho`lkemlestiriw (rejim, oyin, miynet, u`ydegi oqiw isleri, sport ha`m sog`an uqsas).

b) O’zinin` shaxsiy xizmeti ha`m dem aliwin sho`lkemlestiriw (jumista, u`y xojalig`inda, balalardi ku`tiwge, oqiwda, dem aliwda, jas a`wlat ta`rbiyasi ju`zesinen ja`ma`a`t islerine ha`m basqa).

Biraq, bul jolda bir qansha qiyinshiliqlar bar. Birinshi qiyinshiliq sonnan ibarat, aldin`g`i shan`araqlar ha`m ta`rbiyanin` maqsetin ha`m o`z juwapkershiliklerin jaqsi bilse de ta`rbiya metodikalari, usil ha`m qurallarin aniq qollay almaydi. Belgili, shan`araqta bir-bir metodika ayriqsha

qollanilmaydi, ba`lki ba`rshe metodikalar birgelikte qollaniladi. Bizin` ha`zirgi sha’rayatimizda ko`birek isendiriw ha`m og`an birgelikte metodikalar ko`birek engiziledi (misali, maqullaw, xoshametlew). Ma`jbu`r etiw basqalarg`a qarag`anda ja`rdemshi usil sipatinda qollaniladi.

Demek, ta`rbiya usillari ha`m metodikalarin tanlaw, olardi rawajlandiriw ha`m engiziw shan`araq turmisinin` za`ru`r formasi. Jas a`wlad ta`rbiyasinin` tabisi qandayda bir ayriqsha aling`an usillarina emes, ba`lki oylap ha`m jaqsi sho`lkemlestirilgen metodikalar dizimine baylanisli. Shan`araqta qollanilg`an ol yaki bul usillar haqqinda ga`p ketkende, soni este saqlaw lazim, eger shan`araqtin` turmis ta`rizi, turmisi ha`m moralina usillar tanlansa, ta`rbiyaliq na`tiyjelik asiwi yaki say kelmese, kerisinshe boliwi turmista ko`plep baqlang`an.

Shan`araqta balalardi ta`rbiyalaw o`zinin` bir qansha milliy o`zgesheliklerine iye. Olar xaliqtin` qa`liplesken shan`araqliq da`stu`rleri, u`rip-a`detleri, xaliqtin` psixologiyasi, turmisi ha`m turmis ta`rizi.

Ja`miyetimizdin` sotsial-ekonomikaliq rawajlaniwin jedellestiriw sharayatinda insan faktorin payda etiw da`wir talabina aylandi. Jetilisken insan haqqinda onin` miyneti ha`m turmisi, ruwxiyliq rawajlaniwi haqqinda g`amxorliq respublikamizdin` tiykarg`i maqseti. Kisi qa`siyetleri onin` miynetine, ruwxiyliq ideyaliq ha`m ma`deniy bayliqlarina mu`na`sibetinin` tiykarlari shan`araqta qa`liplesedi. Ja`miyet bekkem, ruwxiyliq ha`m a`dep-ikramliliq ta`repinen salamat shan`araq boliwinan ma`npattar. Usi sebepli respublikamiz, sotsial turmis sharayatlarin jaqsilawda ja`rdem beriwdi ma`mleket a`hmiyetine iye is dep biledi. Keyingi jillarda respublikamiz ta`repinen qabil qiling`an bir qatar qarar ha`m jol joriqlarda xalqimizdin` sotsial ma`deniy rawajlaniwin ta`miynlewshi pikirler, usinislar beriledi, bular respublikamizdin` tiykari-shan`araqlardin` sotsial-ekonomikaliq ha`m ruwxiyliq jetilisiwinde za`ru`r rol` oynaydi. Sonin` ushin shan`araqlardin` ha`r ta`repleme rawajlaniwi, ja`miyettin` rawajlaniwi demek. Usi ma`niste

keleshegimiz bolg`an jas a`wlad ta`rbiyasi ha`m onin` rawajlaniwi ma`mleket a`hmiyetine iye bolg`an ma`sele esaplanadi. Ekinshi ta`repinen, ja`miyettin` shan`araq ha`m shan`araqliq ta`rbiyalarg`a bolg`an talabi ku`n sayin artip barmaqta. Ata-analardin` balalar ta`rbiyasi ju`zesinen juwapkershiligin ku`sheytiriw, ta`rbiyalawg`a ta`n qizig`iwin asiriw, shan`araqliq ha`m sotsial ta`rbiya birligin ta`miynlew ha`zirgi ku`nnin` aktual ma`selelerinen biri.

Shan`araqliq ta`rbiya degende ata-analardin` o`z turmislari, turmis ta`rizleri tiykarinda bala shaxsinda du`n`ya qaras tiykarlari, siyasiy, a`dep-ikramliliq, estetikaliq ha`m basqa sotsial faktorlardi qa`liplestiriw maqsetinde sistemali, izbe-iz, ideyaliq ha`m ruwxiyliq ta`sir ko`rsetiw protsessi tu`siniledi. Biraq, bunda ja`miyetimiz rawajlaniwi mu`na`sibeti menen shan`araq, onin` ba`rshe turmisliq basqishlari keskin o`zgerislerge ushirap atirg`anlig`i ha`m esten shig`armasliq kerek. Milletlerdin` tariyxiy, milliy ha`m regional o`zgesheliklerin esapqa alg`an halda shan`araqlar rawajlaniwi uliwma ha`m menshiklik rawajlaniwlar tiykarinda shan`araqliq ta`rbiyani maqsetke muwapiq jaqsilaw tiyis. Bul ma`mleketimizdin` shan`araqta jas a`wladti ha`r ta`repleme kamal taptiriw protsessinde qaratilg`an ilimiy ha`m a`meliy usinislarinan biri. Ha`zirgi zaman rawajlaniwi ha`r bir shaxstan waqiyaliqti tuwri tu`siniwdi, juwmaq shig`ariwdi, a`dep-ikramliliq pa`klikti ha`m sezimlik- nervliq shidamliliqti, ja`miyetimiz turmisinin` ba`rshe salalarinda bekkem ha`m aktiv boliwin talap etpekte. Ma`limki, shaxstin` bunday sotsial, emotsional, minez-quliq ha`m basqa sipatlarina shan`araq tiykar saladi, qa`liplestiredi ha`m kamal taptiradi.

Keleshegimizdin` qanday boliwin ha`zirgi ku`nde bir ta`rbiyalanip atirg`an jaslarg`a baylanisli. Bunday u`lken waziypani a`melge asiriwshi, materialliq ha`m ruwxiyliq bayliqlardi do`retiwshi tiykar shan`araq. Shan`araq ja`miyettin` baslawish sotsial buwini sipatinda quramali sostavqa iye bolip, ol o`z xizmetinde shan`araq ag`zalarinin` iqtiyaji ha`m uqiplilig`i, tu`rli xizmetinin` maqset ha`m waziypalarin g`ana emes, ba`lki ta`rbiyaliq

xizmetin ha`m sa`wlelendiredi. Onin` quramali ha`m ko`p qirli xizmetinin` turmislig`i eki ta`repleme.

-Birinshiden, ja`miyettin` kishi bir bo`legi sotsial o`zgerislerin o`te sezgirlik penen ilg`ap alatug`in, o`zinde sa`wlelendiretug`in belgi. Sog`an tiykarlanip shan`araqliq ta`rbiyani sotsial ta`rbiyanin` tiykarg`i bo`leklerinen biri dep esaplaw tiyis.

-Ekinshiden, shan`araq quramali ha`m ko`p qirli xizmeti onin` waziypalari ha`m du`zilisine, sotsial xizmetlerine, olardin` ba`rshe qizig`iwlarina, iqtiyajlari ha`m mu`na`sibetlerine baylanislig`in na`zerde qashirmasliq kerek.

Shan`araqliq ta`rbiya metodologiyasi ha`m metodikasi ushin en` za`ru`ri onin` baylanisli ta`replerin, yag`niy ta`rbiyaliq waziypalarin bir o`lshemge saliw, shan`araqtin` o`zine ta`n o`zgesheliklerin ha`m bar mu`mkinshiliklerin aniqlaw u`lken a`hmiyetke iye boladi.

Shan`araqtin` du`zilisi ha`m waziypalarin taliqlawda ol ja`miyettin` sotsial-ruwxiyliq o`zegi ekenligi ja`ne bir ret ko`rinbekte. Usi sebepli shan`araqtin` aniq bir statusi, tiykari boliwi kerek ha`m ol kisiler ortasindag`i mu`na`sibetlerin ta`rtipke saliwi, jaslarda a`dep-ikramliliq pa`ziyletlerin, fizikaliq rawajlaniwin, aqiliy ziyrekligin qa`liplestiriwi za`ru`r.

Shan`araqliq ta`rbiyanin` o`zine ta`nligi sonda, ol balalardi ata-analardin` ata-analiq, qan-qarindasliq qa`siyetlerin uzatip, shaxstin` uliwma him sezimlik rawajlaniwi g`ana ta`miynlep qalmay, ba`lki shaxstin` bar mu`mkinshiliklerin ha`m a`dep-ikramliliq rawajlaniwin ha`m o`stiredi. Usi sebepli shan`araqliq ta`rbiya ba`rqulla barlig`i, ko`rsetpeliligi ha`m shiraylilig`i menen ajiralip turadi. Onda tiykarg`i waziypani xaliq, a`depke ta`n ilajlardi balag`a tuwri u`yretiw, ma`slahat beriw, u`lken ta`jriybesi g`ana emes, ba`lki shan`araqtin` jasaw ta`rizi, ortalig`i, ata-analardin` ka`sip-o`neri, shan`araq ag`zalarinin` ruwxiyliq-psixologiyaliq mu`na`sibetleri oynaydi.

Shan`araq ha`m shan`araqliq ta`rbiya mashqalalari menen shug`illaniwshi alimlardin` izertlewlerinde tiykarg`i itibar shan`araq boyinsha a`meldegi boliniwina ha`m balalar ta`rbiyasinda ata-analarinin` aktiv da`rejesine qaratiladi. Sonin` menen birge, ata-analardin`, balalardin` ha`m hayallardin` ba`ntligi ha`m olardin` balalar ta`rbiyasina bolg`an ta`siri shan`araqtin` materialliq mu`mkinshilikleri ha`m turar jaylarina baylanisli u`yreniledi.

## 1.2. Balalardı ta`rbiyalawda mektepke shekemgi ta`lim mekemesinin` shan`araq penen birge islesiw jolları

I. Shan`araq – neke pitimi tiykarında ju`zege keletug`ın ja`miyet ag`zalarının` o`z-ara tuwısqanlıq ha`m ekonomikalıq qarım-qatnasıqlar menen baylanısqan, birge jasaytug`ın ha`m bir-biri ushın ruwxıy jaqtan juwapker bolg`an baslang`ısh sho`lkem. Shan`araq ja`miyettin` bir bo`legi bolıp balalardı ja`miyettegi belgili orınlarg`a tayarlaw maqsetinde xızmet etedi. Bizin` ma`mleketimiz shan`araqlardın` jag`dayın jaqsılaw, olardı materiallıq jaqtan ta`miyinlewdi ku`sheytiwde g`amxorlıq etip atır. Ma`mleket ha`m ja`miyetshilik balalardı ta`rbiyalawda yaslilier ha`m baqshalar, mektep internatlar h.t.b. mekmelerdin` tarmaqların ken`eytiw arqalı shan`araqlarg`a ha`r ta`repleme ja`rdem bermekte. Xalıq jasaytug`ın turaq jay, mektepler, balalar ha`m meditsina mekemelerin qurıw, olardag`ı jag`daydı jaqsılaw isi a`melge aspaqta.

Respublika basshıları shan`araqlarg`a ha`r ta`repleme ja`rdem beriwdi o`zinin` tiykarg`ı wazıypalarınan biri dep biledi. Ma`mleket balalardın` yaslide, baqshada ta`rbiyalanıwı, ulıwma bilimlendiriw mektebinde, texnikum, uchilishe, joqarı oqıw orınlarında bilim alıwları ushın sarplanatug`ın qa`rejetlerdi jıldan jılg`a ko`beytip barmaqta. Shan`araqlarg`a qolaylıq tuwdırıw, olardın` materiallıq jag`dayların jaqsılaw bala ta`rbiyası menen shug`ıllanıwı ushın u`lken jen`illikler jaratılg`an. Ma`mleket shan`araqtın` ta`rbiyalıq wazıypasın joqarı bahalaydı, bul isti na`tiyjeli a`melge asırıw ushın barlıq jag`daylardı jaratadı.

Ma`mleket shan`araqtı bekkemlew, onın` jag`dayın jaqsılaw, adamlardın` turmıs jag`dayların asırıwg`a u`lken a`hmiyet bermekte. Shan`araqtın` bekkemliligi balalardı ha`r ta`repleme durıs ta`rbiyalawg`a mu`mkinshilik beredi. Shan`araq, baqsha, mektep, miynet ja`ma`a`tleri ortasındag`ı baylanıstı jaqsılaw, ata-anlardın` balalar ta`rbiyası ushın juwapkershiligin asırıw ha`zirgi da`wir talabı bolıp esaplanadı.

Bala ta`rbiyası menen jaqsı shug`ıllanıw ha`m shan`araqtı bekkemlewdin` za`ru`rli tiykarı xalıqtın` jag`dayın jaqsılaw, turmıs da`rejesin ko`teriw boyınsha ha`zirgi ku`nde ma`mleketimiz basshıları ta`repinen shıg`arılıp atırg`an pa`rmanlar ha`m nızamlar bulardı a`melge asırıw boyınsha belgilenip atırg`an ilajlar ko`p milletli xalqımızdın` raxmetine iye bolmaqta.

Jaqsı jag`dayda jasag`an balalar u`lkenlerden minez-qulıq qag`ıydaların, sa`lemlesiw, shiyrin so`zlik, siz dep so`ylew, raxmet aytıw, keshirim soraw, u`lkenlerdi hu`rmet-izzet, kishilerge g`amxorlıq etiw, adam qa`dirine jetiw, o`zine jaqın adamlarg`a mexribanlıq ko`rsetiw sezimlerin u`yrenip, sin`irip otıradı.

Ekinshi ta`repten, balalardın` barlıq is-ha`reketleri u`lkenlerdin` baqlawında boladı, na`tiyjede u`lkenler balalardın` jaqsı islerin quwatlap, unamsız islerden qaytarıp, olarg`a durıs jol-joba ko`rsetedi, ne jaqsı ne jamanlıg`ın, qanday is paydalı, qaysısın zıyanlıg`ın tu`sindirip baradı.

II. Perzent – shan`araqtın` quwanıshı, ata-ananın` tayanıshı, ja`miyettin` ku`shi. Balalardın` sharapatı menen turmıs ja`ne de shiyrin, o`lim onın` qasında qorqınısh salmaytug`ınday tu`yiledi, - degen edi inglis filosofı Frensis Bekon.

Perzent o`mir miywesi, shan`araqtın` maqtanıshı, keleshegi, baxtı bolıp esaplanadı.

O`mirinin` birinshi jılınan baslap bala shaxsın qa`liplestiriw, yag`nıy onın` ta`rbiyası menen shug`ıllanıw shan`araqtın` tiykarg`ı wazıypası bolıp tabıladı. Shan`araq ja`miyettin` baslang`ısh zvenosı bolıp, onda jan`a insan du`nyag`a keledi, bul kishi ja`miyetlik topar bala ushın da`slepki turmıs mektebi. Ata-analar balanın` birinshi oqıtıwshısı ha`m ta`rbiyashısı bolıp tabıladı.

Bala ta`rbiyasında ata-ananın` wazıypası rolin ko`plep bizin` xalqımızdın` naqıl-maqallarında ushıratıw mu`mkin:

1. «Anasına qarap qızın al»

2. «3-ret anan`a son` a`ken`e sa`lem ber»
3. «Qus uyada ne ko`rse, ushqanda sonı iledi»
4. «Iyne qayaqqa ju`rse, jip te soyaqqa ju`redi»
5. «Aldın`g`ı arba qayaqqa ju`rse, keyingiside soyaqtan ju`redi»

Sonın` menen birge ha`diste «Perzentlerin`izdi izzet-ikram etiw menen birge a`dep-ikramında jaqsılan`ızlar» delingen. Ha`diste ta`rbiya, a`dep-ikram, o`z-ara doslıq qatnasıqlar, tuwısqanlıq mehir-aqıbet, a`dillik penen bir qatarda ata-ana ha`m balalardın` huqıqları o`z sa`wleleniwin tapqan.

Eger shan`araq ma`nissiz o`mir su`rse, tek jeke ma`pin oylasa, eger shan`araqta rehimsizlik hu`kim su`rse, bulardın` ha`mmesi balanın` ruwxıy du`nyasına unamsız ta`sir etedi. Sonlıqtan, ata-analar ushın shan`araq ta`rbiyası, da`slep o`z-o`zin ta`rbiyalawdan ibarat bolıwı kerek.

Respublikamiz balalarg`a ko`rsetetug`in a`meliy ta`sirin shan`araq arqali a`melge asiradi. Shan`araqtin` balalarg`a ko`rsetetug`in ta`sir ortalig`i sonshelli u`lken, ol ja`miyet ta`siri menen birgelesip ketedi. Usi menen birge, biz onin` o`zine ta`n mu`mkinshilikleri barlig`in inkar ete almaymiz.

Jetilisken insan ta`rbiyasinda shan`araq ja`miyet menen tutas bir birlikti quraydi, bul ha`zirgi ku`nimiz ushin ta`n o`zgesheliklerinen biri. Ayriqsha, ata-analar ha`m ja`miyet ag`zalarinin` miynet xizmetleri, xarakteri, er ha`m hayaldin` ten` huqiqlig`i, o`z-ara hu`rmet, perzentlerin izzetlew, hu`rmetlew, sotsial ha`m puqaraliq isenimi, shan`araqliq ma`deniy turmisinin` barlig`i ha`m o`sip atirg`anlig`i shan`araqlarg`a ta`n paziylet sipatinda qa’dirlenbekte.

Balalar ta`rbiyasina birinshi na`wbette ata ha`m ananin` o`z-ara mu`na`sibetleri u`lken ta`sir ko`rsetedi. Bizin` ja`miyetimizde er ha`m hayallardin` ten` huqiqlig`i ta`miyinlengen bolsa da, biraq biologiyaliq ten`lik joqlig`in inkar ete almaymiz. Usi sebepli analar balalar ta`rbiyasi ushin ko`birek miynet qiliwlarin taqaza etedi. Bunnan tis, hayallar shan`araqta erkeklerge qarag`anda ko`birek waqtin u`y jumislarina sariplaydi. Sotsiologiyaliq izertlewlerdin` ko`rsetiwinshe, ha`tte dem aliw ku`nleri de

hayallar u`y jumislari ushin tog`iz saattan on bir saatg`a shekem waqit ajiratadi. Islewshi hayal balalar ta`rbiyasi ushin ju`da` az waqit ajiratiwg`a ma`jbu`r boladi. Azang`i, jumisqa ketiwden aldin balalarin awqatlandiradi, kiyindiredi, yasli yaki baqshag`a alip baradi, mektepke jiberedi. U`lken jastag`i perzentleri o`zlerin epleydi. Ku`nnin` ekinshi yariminda jumistan qaytqannan keyin, hayaldin` ekinshi – u`y ushin bolg`an jumis xizmeti baslanadi, yag`niy balalardin` u`y waziyplarin orinlaniwinlarin qadag`alaw, keshki awqat tayarlaw ha`m basqa.

Atanin` u`y jumislarindag`i qatnasiwi tiykarinan buyriq beriwde ko`birek ko`rinedi. «Oni orinla, ne ushin buni orinlamadin`, ha`zir orinla» ha`m basqa. Onin` waziypasi ko`birek shan`araqtin` ekonomikasin ha`m perzentlerinin` saw-salamat o`siwlerin ta`miyinlewde sa`wlelenedi. Perzentlerinin` nawqaslig`i tek ananin`, ba`lki atanin` da jumis xizmetine ta`sir ko`rsetedi. Usi sebepli perzentleri salamatlig`inin` jaqsi boliwin ta`miyinlew ha`r ekewi ushin birdey juwapkershilikti ju`kleydi.

Shan`araqlar ta`rbiya usillarin qollaw barasinda bir-birleri ta`jiriybelerinen paydalanadi. Usi qarastan shan`araqlardi sha`rtli ra`wishte ekige bo’liw mu`mkin, yag`niy «qattiqol» ha`m «jumsaq» ta`rtipli shan`araqlar. Birinshi toparg`a kiriwshi shan`araqlar o`z xizmetlerinde talapqa tiykarlang`an metodikalarg`a, ha`tte, dene jazasi beriw arqali ta`rbiyalawg`a tiykarlanadi. Ekinshi toparg`a kiriwshi shan`araqlar o`z xizmetleri u`lgisinen, isendiriw, jumsaq ta`rtip shiyrin, tuwri qarim-qatnas arqali ta`rbiyalawg`a tiykarlanadi. Eger «qattiqolliq» ta`rtipli shan`araqti ishki mu`na`sibetlerinde hu’kimranliq qilsa, «jumsaq» intizmalilarida demokratiya, ten`lik mu`na`sibeti bar. Biraq «jumsaq» shan`araqlardag`i bunday mu`na`sibetler ata-analardin` o`z minezleri boyinsha juwapkershiliklerin kemeyttirmeydi. Bunday ta`rtipli shan`araqlar ushin balalardi qorqitiw, shorshıttiriw usillari jat bolip, balanin` qa`dirin biliw, o`z-o`zin hu`rmet qiliw qa`siyetlerin ta`rbiyalaw tiykarg`i esaplanadi. Izertlewlerdin` ko`rsetiwinshe, ta`rbiyalawda

jaza, qorqitiw usillarinan paydalang`an shan`araqlardag`i balalar u`rkegish, psixologiya nerv xizmetinde buziliwlar payda bolg`an. Mu`na`sibette qorqaqliq, aqiliy xizmetinde arqada qaliw halatlari baqlang`an.

Shan`araqliq kelispewshilikler, ata-analar ha`m balalar ortasindag`i ten`sizlikke tiykarlang`an mu`na`sibetler, ayirim ata-analardin` ma`deniyat ha`m mag`liwmatinin` pa`s saviyada ekenligi bar ta`rbiyag`a ta`n bilimlerin o`zlestiriwge kesent beredi. Turaqsiz keypiyat, turmisliq o`zgerisler shan`araqliq ortaliqta qarama-qarsiliqti payda etedi. Ata-analardin` aniq bir-birin tu`sinbeslikleri ha`m o`z-ara kelispewshilikleri, yaki balanin` janin aliwlari onin` minezine egoizm ko`rinistegi halatti payda etedi. Atalar bunday halatlarda jazalawg`a mayilliq, analar mu`layimliq, «ba`zen» biyta`replik halatlarida boladi.

Shan`araqlardi ha`r ta`repleme u`yreniw, olardin` xizmetlerin salistirip taliqlaw ha`m bahalaw maqsetinde ko`plep shan`araqlarda ta`biyg`iy baqlawlar alip barildi, shan`araqliq ma’resimlerde qatnasadi.

Alip barilg`an baqlawlar na`tiyjesinde to`mendegi juwmaqlardi shig`ariw mu`mkin.

A) Shan`araqliq ta`rbiya na`tiyjeligin asiriw faktorlarinan biri bala shaxsin kamalatqa jetkeriw ushin oni ha`r ta`repleme u`yreniw, sonin` menen birge, shan`araqliq ta`rbiya usillari ha`m formalarina do`retiwshilik jantasiw, oni rawajlandiriw. Jaslardi ha`r ta`repleme u`yreniw olardi oqiwg`a, miynetke, o`z-o`zin orap turg`an ortaliqqa, insan jetilisiwi ushin za`ru`r bolg`an sipatlarinan en` za`ru`rlerin ajirata aliwg`a u`yretiw mu`mkinshiligin beredi.

B) Ata-analar ortasinda ta`rbiyag`a ta`n bilimlerdi engiziw, ayriqsha, shan`araqliq ta`rbiyada qiyinshiliqqa ushirap atirg`an ata-analarg`a ja`ma`a`tshilik ja`rdemin ku`sheyttiriw tiyis.

V) Shan`araqliq ta`rbiyada jaqsi tabislardi qolg`a kiritken ata-analardin` ta`jiriybelerinen paydalaniw ushin olardi mekteptin` ken`eyttirilgen

jiynalislarina, ata-analar komitetlerinin` ma`jilislerine mira`t etiw ha`m o`z ta`jiriybeleri menen ortaqlasiwdi jolg`a qoyiw za`ru`r. Olardan o`nimli paydalaniw ushin mekteplerde ata-analar ku`nin engiziw za`ru`r.

G) Ata-analar komitetleri basshilarinin` tikkeley basshilig`inda radiobaylanislardi sho`lkemlestiriw. Bunda «Ata-analar – erte ta`rbiyashi», «Ata–analardin` bala ta`rbiyasindag`i shaxsiy u`lgileri ha`m olardin` a`hmiyeti», «Jaslardi miynetke, turmisqa u`yretiw ha`m tayarlawda shan`araq, mektep ha`m ja`ma`a`tshilik birgeligi» ha`m sog`an uqsas temalardag`i esittiriwlerin tayarlap, izbe-iz o`tkeriw za`ru`r.

D) Balalarda xaliq awizeki do`retiwshiligine ta`n qizig`iwlardi o`stiriw maqsetinde sa`wbetler, gu`rrin`ler, ertek ha`m da’stanlar oqip esittiriwdi jolg`a qoyiw tiyis.

Belgili, ha`r qanday ata-ana o`z balasina tikendi rawa ko`rmeydi, tu`rli qiyinshiliqlar, qa`wip-qa`terlerdin` aldin aliwg`a umtiladi. Ata o`z perzentlerinde maqsetke umtiliwshiliq penen ajiralip turadi. Bunday sipatlar ul–qizlig`inan qatiy na`zer insan iyelewi tiyis bolg`an sipatlar esaplanadi, olarsiz toliq insan shaxsi kamal tawmaydi. Bunin` da`lilin ja`ne sonda ko`riw mu`mkin, ana qolinda atasiz u`lkeygen ul balada erkeklerge ta`n basshiliq pa`ziyletke mu`ta`jlik ku`shli boladi, ayriqsha, ol jetiklik jasina jetkende bul iqtiyaj ja`ne de ku`sheyedi.

Atag`a bolg`an muhabbat – bul birinshi na`wbette og`an bolg`an hu`rmette o`z sa`wlesin tawadi. Atanin` abiroyi onin` o`zine ta`n jekeliginde ko`rinedi. «Mag`an uqsap orinla», «Men qanday islesem sen ha`m sonday isle» siyaqli qag`iydalarg`a a`mel qilinadi. Na`zerimizde ul bala minezinin` o`zine ta`nligi ha`m sonday qatti is-ha`reketlerde o`z sa`wlesin tawadi. Sonin` menen birge, ata ulin o`z pikirin mu’layim sa`wlelendiriwge, bahisli waqiyada o`z pikirin qatan’ qorg`awg`a, qiziqqanliq, o`zligin, qa’dirin jog`altpasliqqa u`yretedi. Sonin` ushin ha`m atanin` orni ul balani ku`shli shaxs sipatinda qa`liplestiriwde u`lken. Bul sipatlardi ata o`zinin` shaxsiy

u`lgisinde – ulina, anag`a, hayalg`a, hayal-qizlarg`a bolg`an mu`na`sibetlerinde qarar taptirip baradi.

## II bap. Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinin` shan`araq penen birge islesiw formaları

### 1.1.MShT mekemesi ha`m ata-analar ortasında alıp barılatug`ın islerdin` mazmun ha`m a`hmiyeti

O`zbekstan Respublikasında mektepke shekemgi ta`lim haqqındag`ı Nızamg`a muwapıq bala mektepke shekemgi ta`limdi u`yde ata-analardın` erkin ta`lim beriwi arqalı yamasa ha`r dayım iskerlik ko`rsetetug`ın mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde, sonday-aq mektepke shekemgi ta`lim mekemelerine qaratılg`an balalar ushın balalar baqshasında, mekteplerde, ma`ha`llelerde qa`liplestirilgen arnawlı toparlar yaki oraylarda aladı.

Balalar ta`rbiyasındag`ı u`zliksizlik ha`m izshilliktin` tiykarg`ı sha`rti shan`araq ha`m balalar baqshası ortasında u`zliksiz baylanıs ornatıw bolıp esaplanadı.

Bala ta`rbiyasında shan`araqtın` ha`mme ag`zalarınan tek balalarg`a bolg`an tuwrı mu`na`sibet g`ana, olardın` ta`g`diri ushın ullı juwapkershilik sezimin de talap etiwshi qıyın ha`m quramalı is.

Shan`araqta ta`rbiyanı ha`r ta`repleme, sol qatarı ruwxıylıq, aqılıy, estetik, fizikalıq ha`m miynet ta`rbiyaların birgelikte alıp barıw jaqsı na`tiyje beredi.

*Ruwxıy ta`rbiya*nı balag`a o`tmishte Watan o`nip-o`siwi, el-jurt tınıshlıg`ı ha`m pa`rawanlıg`ı jolında gu`resken xalıq qaharmanları haqkında aytıp beriw, ma`mleketimizdin` belgileri menen tanıstırıw, g`a`rezsizlik, Watan haqqındag`ı taqmaq ha`m qosıqlardı yadlatıw, qa`driyat ha`m u`rp-a`detlerimizdi u`yretiw arqalı sin`diriw mu`mkin.

Shan`araqlıq ta`rbiya protsessinde shaxstın` bir qatar *minez-qulıq* ta`repleri sonday qa`liplesedi, basqa hesh qaysı ta`rbiya ob`ekti

shan`araqtag`ıday joqarı na`tiyje bermeydi. Olarg`a insanpa`rawanlıq, mehir-mu`riwbet, da`rtleslik, qatnas ma`deniyatı, parızı ha`m sadıqlıq minnetdarshılıq sıyaqlı insanıylıq pazıyletler turadı.

Keleshek a`wladqa *estetikalıq ta`rbiya* beriwde de shan`araqtın` za`ru`r ornı bar. Shan`araq ortalıg`ında qosıqlar aytılıwı, qanday da bir ertek yamasa shıg`armanı shan`araq ortalıg`ında oqıw, birge spektakl` ha`m kino ko`riw ha`m analizlew, kiyiniw ma`deniyatın qa`liplestiriw, u`yde gu`llerge qaraw, su`wret salıw ha`m basqalar balanın` estetikalıq ta`rbiyasın qa`liplestiriwdegi ta`repler esaplanadı.

Ata-analar u`lkeyip atırg`an balalarının` *fizikalıq* o`nip-o`siwine u`lken juwapkershilik penen qarawı lazım. Mısalı: azang`ı dene ta`rbiyası shınıg`ıwların balalar menen birgelikte orınlaw, durıs ha`m vitaminlestirilgen awqat beriw, dem alıstı, uyqını tuwrı sho`lkemlestiriw waqtında shıpaker baqlawınan o`tkeriwleri lazım.

Bala turmısında *miynet ta`rbiyası* za`ru`r esaplanadı. Balalardı miynetke muxabbat ruwxında ta`rbiyalaw, olarda miynet etiw a`debin qa`liplestiriw ha`m ko`nlikpeler payda etiwde, olardın` qızıg`ıwları esapqa alıng`anda g`ana erisiledi. Ata-analar balanı mektepke tayarlawda onda miynet ko`nlikpe ha`m iskerliklerin payda etiwge, miynetke mu`ta`jlikti ta`rbiyalawg`a, basqalardın` miynetin qa`dirlewge, miynet na`tiyjelerin abaylawg`a u`yretiwge qatan` itibar beriwi lazım. Miynet balalarda uyısıw, dıqqat, intizamlılıqtı ta`rbiyalaw, sonday-aq maqsetke erisiwde shıdam sıyaqlı qa`siyetlerin rawajlandırıw quralı bolıp tabıladı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı shan`araqta ta`rbiyalawdı, ata-analar menen birge islesiwdi bunnan keyin ja`ne de quramalastırıw jolların izlepr tabıw shan`araqlıq ta`rbiyanın` sotsial ta`rbiya menen baylanısın bekkemlew mektepke shekemgi ta`rbiya mekemeleri

qa`nigeleri pedagogikalıq printsipler, bul tarawda ilimiy is alıp barıwshı izleniwshilerdin` ha`m usılshılardın` za`ru`r wazıypası.

Balalardı ta`rbiyalawda ma`mleket a`hmiyetindegi wazıypası. Onın` tuwrı sheshiliwi ta`rbiya isinin` qoyılıwına kompleks jandasıwg`a ta`rbiyalıq mekemelerdin`, shan`araq ha`m ja`miyetshiliktin` tolıq o`z-ara ta`siri ha`m ha`reketlerdin` birligine baylanıslı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balanın` mektep ta`limine o`tiwi ha`r dayım onın` turmısı, a`dep-ikramlılıg`ı, qızıg`ıwı ha`m mu`na`sibetlerinde bir qansha qatan` o`zgerislerdi ju`zege shıg`aradı. Sonın` ushın balanı baqshada-aq yamasa u`yde-aq mektep ta`limine tayarlaw, onı onsha qıyın bolmag`an bilim, tu`sinik, ko`nlikpe ha`m iskerlikler menen tanıstırıw lazım.

Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde ta`rbiyashılar ta`repinen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar protsessinde balalarda erkin pikirlew ko`nlikpe ha`m iskerlikleri payda etiledi, ta`rbiyashının` so`zin tın`law, dosları menen so`ylespew, ha`r bir ta`rbiyashı ta`repinen berilgen sorawlarg`a juwap beriwge ha`reket etiw, ta`rbiyashı ta`repinen aytılg`an pikirlerdi ta`kirarlawg`a u`yretip barıladı. Ha`r bir jas toparlarda qansha shınıg`ıw o`tkeriw balalar baqshası ta`lim-ta`rbiya da`stu`rinde belgilep qoyılg`an.

Ha`r bir baqshada metodikalıq xanalar bar bolıp, onda balalar baqshasında ta`lim-ta`rbiya da`stu`rinin` ha`mme bilimleri boyınsha metodikalıq qollanbalar boladı. Jetispewshiliklerdi yag`nıy metodikalıq jaqtan, ta`rbiyashı o`zi tayarlaydı ha`m bul iske bazıda tayarlaw toparındag`ı balalardı qaratadı.

Ta`rbiyashı shınıg`ıwlar protsessinde jan`a pedagogikalıq texnologiya materiallarınan ha`m ta`rbiyanın` na`tiyjeli metod ha`m usıllarınan paydalanıp, balanı jas, ruwxıy-fiziologiyalıq qa`siyetleri inabatqa alınsa ta`rbiya beriwdin` na`tiyjeliligi asadı.

Ta`rbiyashı ha`r bir balanın` imkaniyatların anıqlap alıwı kerek, balalar o`zi jasap atırg`an ja`ma`a`tke mu`na`sibetine qarap bir neshe toparlarg`a bo`linedi:

**1-topar:** Unamlı minez-qulıqlı balalar bolıp, olar tez doslasadı. Olardı ja`ma`a`t ag`zaları hu`rmet qıladı. Bul topardag`ı balalar ja`ma`a`ttin` belsendileri bolıp, ta`rbiyashı ja`ma`a`t mu`na`sibetlerin ornatıwda olarg`a su`yenedi.

**2-topar**: aktiv baslamag`a qosıladı, biraq qararsız boladı.

**3-topar:** tartınshaq bolıp oyında qatnaspaydı, shınıg`ıwlarda ha`lsiz boladı. Bunday balalarg`a ayrıqsha itibar za`ru`r.

Ta`rbiyashı ha`r bir topar balaları menen individual jandasıp, olardı bir-biri menen o`z-ara mu`na`sibetke kirisip, doslasıwına ja`rdem beredi.

Balalar baqshasının` tiykarg`ı pedagogikalıq wazıypası – balalardı ullı ruwxıy-aqılıy jaqtan ta`rbiyalaw ha`m olardı mektepte oqıwg`a ha`r ta`repleme tayarlawda ata-analarg`a u`zliksiz ta`rizde ja`rdem ko`rsetiwden ibarat:

Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi qa`nigelerinin` en` birinshi wazıypası – balalar baqshası ta`rbiyalanıwshılarının` ata-anaları ha`m shan`arag`ının` basqa ag`zaları oyında bala ta`rbiyasında shan`araq birinshi da`rejeli a`hmiyetke iyeligi ha`m ha`r bir shan`araq balalarının` aktivlesiwinde shan`araqlıq ha`m sotsial ta`rbiyanın` birligine erisilgende g`ana ku`tilgen na`tiyjege alıp keliwine shuqır isenim oyatadı. Balalar baqshası ata-analarda pedagogikalıq bilimler tiykarın jaratadı. Olarda ta`rbiya haqqındag`ı pa`nge qızıg`ıw oyatadı. O`z bilimlerin ha`r dayım ken`eytiwdi ha`m og`an talpınıw sezimin oyatadı.

Keyinsheli bolsa mektep pedagogikalıq ulıwma ta`limine kirisip ketiw sezimin oyatadı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde ta`lim-ta`rbiyanı ha`r ta`repleme, sol qatarı ruwxıy, aqılıy, estetikalıq, fizikalıq ha`m miynet ta`rbiyaları birgelikte alıp barılıp bala mektepke shıg`arıladı. Bala baqshada alg`an bilimlerin mektepte dawam ettiriwge sonda g`ana qıynalmaydı.

Aqıl ken` ma`nide seziw, tu`siniwden baslanatug`ın aqıl ha`m oydı o`z ishine alatug`ın protsess.

Balalardı mektepke tayarlawda aqılıy ta`rbiyanın` ornı u`lken. Bilimler ka`nin ken`eytiw, aqılıy iskerlikti ha`m erkinlikti rawajlandırıw, mektepte jaqsı oqıw, keyingi miynet iskerligine tayarlanıwdın` za`ru`rli sha`rti esaplanadı.

Bala 6-7 jastan mektepke barıwı, olardı mektep ta`limine tayarlaw ushın aqılıy rawajlandırıw jeterli bolıwın ta`miyinlew ta`rbiyashıdan u`lken juwapkershilikti talap etedi.

Mektepke shekemgi ta`lim jasında bilim tez rawajlanıp, bayıp baradı. Til qa`liplesedi, biliw protsessleri quramalasadı, bala en` a`piwayı aqılıy iskerlik usılların iyelep baradı. Balalarda aqılıy iserlikti da`slep qatnas arqalı, son` shınıg`ıwlar, bilim beriw arqalı a`melge asırıladı.

Do`gerek-a`tirap, buyım ha`m na`rseler balanın` sezim organlarına yag`nıy analizatorlarına ta`sir etedi ha`m sezim payda boladı. Sezim balalarda ayırım qa`siyetlerin bilip alıwg`a ja`rdem beredi. (Issı-suwıq, gedir-budır). Sezim a`tirap-ortalıqtı biliwdin` da`slepki basqıshı bolıp esaplanadı.

Balalardın` bilimlerdi iyelep alıwı olardın` aqılıy iskerligin rawajlandırıw aqılıy iskerlik ha`m ko`nlikpe iyelep alıwları, olardın` mektepte jaqsı oqıwları ushın bolajaq miynet iskerligine tayarlanıwında ka`n bolıp xızmet qıladı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı aqılıy ta`rbiyalawdın` tiykarg`ı **wazıypaları** to`mendegilerden ibarat:

1. Balalarda ta`biyat ha`m ja`miyet haqqındag`ı bilimler sistemasın, ilimiy du`n`yaqarastı qa`liplestiriw.

2. Biliwge baylanıslı ruwxıy protsesslerdi rawajlandırıw: sezim, aqıl, es, oy, tu`sinik, til. Biliwge baylanıslı ruwxıy protsesslerdi rawajlandırıw aqılıy ta`rbiyanın` a`hmiyetli wazıypası.

3. Biliwge qızıg`ıw ha`m aqılıy qa`biletlerdi aqılıy miynet ma`deniyatın rawajlandırıw. Aqılıy ta`rbiyanın` wazıypası balalar qızıg`ıwshılardı, yag`nıy qızıg`ıwshın`lıg`ın olar aqılının` tekseriwshen`ligin rawajlandırıw ha`m usılar tiykarında biliwge qızıg`ıw payda etiwden ibarat.

4. Aqılıy iskerlik ha`m ko`nlikpelerdi rawajlandırıw, yag`nıy en` a`piwayı iskerlik usılları predmetlerdi tekseriw olardag`ı za`ru`r ha`m za`ru`r bolmag`an beliglerdi ajıratıp ko`rsetiw basqa predmetler menen salıstırıw mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalarg`a aqılıy ta`rbiya beriw wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı. Bul ko`nlikpe ha`m iskerlikler biliw iskerliginin` quramlı bo`limleri bolıp, balanın` bilimlerin shuqır iyelep alıwg`a ja`rdem beredi.

En` a`hmiyetlisi, balalarg`a bilim berip g`ana qalmastan, olardın` alg`an bilimlerinen aqılıy ha`m a`meliy wazıypalardı sheshiwge paydalanıwg`a u`yretiw.

Shan`araqta ta`rbiyanı ha`r ta`repleme, sol qatarı ideologiyalıq, a`debiy, estetikalıq, fizikalıq ha`m miynet ta`rbiyasın birgelikte alıp barıw jaqsı na`tiyje beredi. Mısalı: İdeologiyalıq ta`rbiyanı balag`a o`tmishimizde watan keleshegi, el-jurt tınıshlıg`ı ha`m pa`rawanlıg`ı jolında gu`resken xalıq qaharmanları haqqında aytıp beriw, ma`mleketimizdin` ma`mleketlik belgileri menen tanıstırıw, g`a`rezsizlik, watan haqqındag`ı taqmaq ha`m qosıqlardı yadlatıw arqalı sin`diriw mu`mkin. Sonday-aq perzentlerimizde Watan qorg`awına ha`r dayım tayarlıq tuyg`ısın qa`liplestiriwden ibarat.

Shan`araqtag`ı ta`rbiya protsessinde shaxstın` bir qatar minez-qulıq ta`repleri qa`liplesedi, yag`nıy onda basqa hesh qaysı ta`rbiya ob`ekti shan`araqtag`ıday joqarı na`tiyje bere almaydı. Bularg`a, insanpa`rawanlıq, mehir-mu`riwbet, da`rtleslik, qatnas ma`deniyatı, parız ha`m sadıqlılıq, minnetdarshılıq sıyaqlı a`jayıp insanıy pazıyletler kiredi.

Keleshek a`wladqa estetikalıq ta`rbiyanı beriwde de shan`araqtın` a`hmiyetli ornı bar. Shan`araq ortalıg`ında qosıqlar aytılıwı, qandayda bir ertek yamasa gu`rrin`nin` shan`araq ortalıg`ında oqılıwı, birgelikte spektakl`, kino ko`riw ha`m analizlew, kiyiniw ma`deniyatın qa`liplestiriw, u`yde gu`llerge qaraw, su`wret sog`ıw balada estetikalıq ta`rbiyanın` qa`liplesiwindegi ta`repler bolıp esaplanadı. Ata-analar u`lkeyip atırg`an balalarının` *fizikalıq* o`nip-o`siwine u`lken juwapkershilik penen qarawı lazım. Mısalı: azang`ı dene ta`rbiyası shınıg`ıwların balalar menen birgelikte orınlaw, durıs ha`m vitaminlestirilgen awqat beriw, dem alıstı, uyqını tuwrı sho`lkemlestiriw waqtında shıpaker baqlawınan o`tkeriwleri lazım.

Bala turmısında *miynet ta`rbiyası* za`ru`r esaplanadı. Balalardı miynetke muxabbat ruwxında ta`rbiyalaw, olarda miynet etiw a`debin qa`liplestiriw ha`m ko`nlikpeler payda etiwde, olardın` qızıg`ıwları esapqa alıng`anda g`ana erisiledi. Ata-analar balanı mektepke tayarlawda onda miynet ko`nlikpe ha`m iskerliklerin payda etiwge, miynetke mu`ta`jlikti ta`rbiyalawg`a, basqalardın` miynetin qa`dirlewge, miynet na`tiyjelerin abaylawg`a u`yretiwge qatan` itibar beriwi lazım. Miynet balalarda uyısıw, dıqqat, intizamlılıqtı ta`rbiyalaw, sonday-aq maqsetke erisiwde shıdam sıyaqlı qa`siyetlerin rawajlandırıw quralı bolıp tabıladı.

Ata-analardı mektepke shekemgi jastag`ı balalardı mektepke tayarlaw ma`selesi qızıqtıradı. Bul tu`sinikli, sebebi oqıw miyneti itibar beriwdi, ha`reketti, qatan`lıqtı, na`tiyjege erise biliwdi talap etedi. Mektepke shekemgi

jastag`ı bala miynettin` bul jan`a tu`rine tek shınıg`ıwlar protsessinde g`ana emes, al qa`legen miynet tapsırmaların orınlaw waqtında tayarlanadı.

Mektepke sheemgi ta`lim mekemelerinin` shan`araq penen islesiw sistemasında anıq maqset, mazmun bolıwı kerek. Mektepke sheemgi ta`lim mekemelerinin` ata-analar menen islesiwinen ja`ma`a`t ta`rizinde ha`m jeke halda islesiw formaların sheberlilik penen qosıp alıp barıw, ken` ja`ma`a`t arasında pedagogikalıq analiz islerin sho`lkemlestiriw arqalı balalardı ta`rbiyalawda unamlı na`tiyjelerge erisiw mu`mkin. Balalar baqshası qa`nigelerinen ata-analar ha`m shan`araq penen birge islesken jumıslarınan en` ken` tarqalg`an forma ha`m usılların keltiremiz.

- Ata-ana ha`m shan`araq penen jeke islesiw. Bunda shan`araqta ta`rbiyashının` barıwı, ata-analar ushın sa`wbet o`tkeriw, olarg`a ma`sla`ha`t beriw, ata-analardı balanın` Mektepke sheemgi ta`lim mekemelerindegi turmısı menen tanıstırıw sıyaqlılar kiredi.

- Ata-analar menen ja`ma`a`t ta`rizinde sho`lkemlestiriletug`ın jumıslar. Bular ata-analardın` toparlıq ha`m ulıwmalıq ma`jilisleri, ata-analar mektebi, shembilikler, soraw-juwap kesheleri.

- Ko`rsetpeli jumıslar – jumıstın` bul tu`ri: ko`rgizbeler uyımlastırıw, balalardın` islerin ko`rsetiw, ashıq esikler ku`ni, ata-analar mu`yeshi, ata-analar ushın kitapxanalar sho`lkemlestiriw.

- Balanın` shan`arag`ın barıp ko`riw ha`m shan`araq ag`zaları menen jaqınnan tanısıw.

- Ata-analar pedagogikalıq ta`lim beriw ha`m basqalardı ko`rsetiw mu`mkin.

Juwmaqlap aytqanda, balalar mektep ta`limine tayarlıg`ına ta`sir etiwshi printsipler haqqında aytar ekenbiz, mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı shan`araqta ta`rbiyanın` ata-analar menen birge islesiwde, bunnan keyin ja`ne de quramalastırıw jolları izlep tabılsa maqsetke muwapıq

bolar edi. Shan`araqtag`ı ta`rbiyanın` sotsial ta`rbiya menen baylanısın bekkemlew mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi qa`nigelerinin` pedagogikalıq alımları, bul tarawda ilimiy jumıs alıp barıwshı ta`jiriybe ha`m metodistlerdin` ornı ju`da` u`lken.

## 2.2. Shan’araq ta’rbiyasinin’mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri menen birgeliktegi alıp barılatug`ın jumısları haqqinda

Shan`araqta u`lkenlerge hu`rmet, kishilerge izzet sıyaqlı qag`ıydalar ku`ndelikli a`detke aylanıp barıwı kerek. Ata-ananın` aldındag`ı juwapkershiliktin` za`ru`rligi sonnan ibarat, olar balanın` ha`r bir qa`demin, ha`r bir is-ha`reketin baqlap baradı. Balalar ha`r qanday ja`njeldi, jaman orınsız so`zdi uzaq waqıteslep ju`redi, waqtı kelgende, jag`day tuwılg`anda, a`melde qollanıwg`a ha`reket etedi.

Balanın` ha`r bir jetiskenligi ata-ananın` ju`regin tawday ko`teredi, maqtanısh sezimlerin ju`zege keltiredi.

Ata-ananın` ja`miyettegi ornı, abıroyı bala ta`rbiyasında u`lken a`hmiyetke iye. Hadal miynet penen ja`miyette arttırılg`an abıroy shan`araqta bala ta`rbiyasına unamlı ta`sir etedi. Ata-analardın` qa`liplesip, jetilisip atırg`an shaxsqa ko`rsetetug`ın ta`siri ju`da` u`lken. Olardın` balag`a ta`sir etiwinin` tiykarı olardın` balag`a bolg`an muxabbatı, talapshan bolıwı, g`amxorlıq ko`rsetiwi bolıp tabıladı.

A`sirese kishi jaslı balalardı ta`rbiyalawda shan`araqtın` roli u`lken. Balalar ata-ananın` basshılıg`ında do`gerek-a`tirap, turmıs haqqında da`slepki tu`siniklerdi iyelep aladı. Shan`araq balanın` ta`rbiyasına ta`sir etedi, onı do`gerek-a`tirapındag`ı turmısqa qosadı. Balanı jaslıg`ınan baslap shan`araqtag`ı a`dep-ikram qag`ıydalarına a`detlendiriw, jaqsı minez-qulıqlı bolıwg`a u`yretiw ata-ana ushın qarız, ha`m parız bolıp esaplanadı. Olar balalarda jaslıg`ınan baslap adamlarg`a miyrimli, muxabbat, hu`rmet, izzette bolıw, adamnın` qa`dirine jetiw sıyaqlı unamlı qa`siyetlerdi ta`rbiyalap barıwları kerek.

Balalardı ta`rbiyalaw turmısımızdın` za`ru`rli tarawı. Durıs ta`rbiya bizin` baxıtlı keleshegimiz, jaman ta`rbiya bizin` keleshektegi qayg`ı-xa`siretimiz, ko`z jaslarımız, basqa adamlar aldındag`ı, pu`tkil ja`miyet

aldındag`ı ayıbımız,-degen pedagoglardın` aytqan pikirlerin ata-analar tu`siniwleri kerek.

Ata-analar o`z balalarınan qanday adamlar ta`rbiyalap jetistiriwlerin, onda qanday qa`siyetler payda bolıwların anıq elesletiwleri kerek. Balanı durıs ta`rbiyalaw ushın onı jaqsı biliw ha`m tu`siniw kerek, bunın` ushın pedagogikalıq bilimler za`ru`r boladı. Olar ata-analardın` balanın` minez-qulqın durıs talqılawg`a, onın` ta`rbiyası ushın tuwrı jol tan`lawg`a ja`rdem beredi.

Ata-analar bala ta`rbiyasında pedagogikalıq a`depke tiykarlanıwı kerek.

Pedagogikalıq a`dep – degenimiz bul balag`a bolatug`ın qarım-qatnastı durıs jolg`a qoyıw, yag`nıy balanın` sanasına, qa`lbine, shaxsına ta`sir etetug`ın ta`rbiyalıq ilajlardı onın` jas o`zgesheligin, mu`mkinshiligin esapqa alıp belgili jag`dayg`a qarap tan`lay biliw.

Pedagogikalıq a`dep-balanı ta`rbiyalawdag`ı sheberlik bolıp, bug`an ta`rbiyashılardı u`yretkendey, ata-analardı da u`yretiw kerek. Ata-analar o`z minez-qulqı, peylin sho`lkemlestire biliw, balanın` qa`lbinde, sanasında ne bolıp atırg`anlıg`ın seze alıwları sog`an qarap qarım-qatnas jasay alıwları kerek. Sonın` menen birge balalarg`a talapshan qatnasta bolıwları, olarda erk, sana, minez-qulıq, o`z is-ha`reketi ushın basqalar aldında juwap beriwdi ta`rbiyalawları kerek. Keyin ala ata-analardın` pedagogikalıq a`debi balalarda sa`wlelene baslaydı, bul da`slep a`detke aylanadı. Olar joldasının` na`tiyjesizligi yaki ta`biyiy, fizikalıq kemshiligi u`stinen ku`lmeytug`ın, u`lkenlerdin`ga`pi ha`m isine aralaspaytug`ın, o`zin ta`rtipli tutıp ju`retug`ın, o`zinin` minez-qulqındag`ı kemshiliklerdi du`zetiwge urınatug`ın boladı.

Shan`araqtag`ı turmıs ma`deniyatı, shan`araq ag`zalarının` bir-birine bolg`an hu`rmetli qarım-qatnası ha`m pu`tkil shan`araq turmısın durıs sho`lkemlestiriwdi o`z ishine aladı. Bunday shan`araqta o`sken bala a`ste-aqırın u`lkenlerdin` turmıs ta`jiriybesin iyelep baradı.

Shan`araqta ku`n ta`rtibin saqlamaw, u`ydegi jumıslar shan`araq ag`zaları ortasında durıs bo`listirilmese, shan`araqta hayal adamg`a durıs qarım-qatnasıqta bolmasa, ishiwshilik h.t.b. illetler hu`kim su`rse, bunday shan`araqta o`sken bala a`ste-aqırın joqarı ta`sirshen`ligi, turmıs ta`jiriybesi kem bolg`anlıg`ı sebepli waqıyalardı o`z betinshe baxalay almaydı, sonın` na`tiyjesinde ol u`ndemes, ashıwshaq, qopal ha`m yadında hesh na`rse turmaytug`ın boladı.

Balanın` ta`rbiyasına shan`araqtag`ı sırtqı jag`day: u`ydin` bezeliwi, gigienalıq, ulıwma ma`deniyat ha`m estetikag`a juwap beriwi de ta`sir etedi. Balanın` normal rawajlanıwı ushın ha`r bir shan`araqta za`ru`rli jag`day, balanın` oynawı ushın, shug`ıllanıwı ushın o`z aldına bo`lek bo`lme bolıwı kerek. Balalar u`yde tazalıqlı, ta`rtipli bolıwları, u`ydin` ha`m o`zinin` a`njamlarına g`amxorlıq etiwleri za`ru`r.

Shan`araqtın` ulıwma tabısı shan`araqtın` ag`zaları ortasında ha`r bir shan`araqag`zasının` talabın esapqa alıp, durıs sarplanıwı kerek. Balalar shan`araqta oyınshıqlardı jıynastırıw, kitaplardı ornına qoyıw, o`z ko`rpe-to`segin jıynastırıw, u`y haywanların ku`tiwde qolınan kelgeninshe ja`rdem beriw sıyaqlı islerge tartılıp turıwı kerek.

Arnawlı pedagogikalıq bilimlerdi iyelew balalarda baqlawshılıqtı, logikalıq oylawdın` a`piwayı formaların o`siriwge, balalar miyneti ha`m oyınına durıs basshılıq etiwge, balalardın` minez-qulqın durıs talqılawg`a ja`rdem beredi.

Sonday-aq, balalardı ta`rbiyalawda olardın` o`zine ta`n o`zgesheliklerin biliw ha`m onı itibarg`a alıw za`ru`r. Usı sebepli ata-analar ha`r bir balag`a onın` o`zine ta`n, sa`ykes jolın tan`laydı.

Balanı durıs ta`rbiyalawda onın` aldında ata-ananın` abıroyı joqarı bolıwı kerek, bunısız ta`rbiya bolıwı mu`mkin emes. Ata-analardın` puxaralıq kelbeti, turmısı, isleri, ju`ris-turısı, ja`miyettin` aldında o`z shan`arag`ı ushın juwapkershilik sezimi olardın` abıroyının` tiykarı. O`z balalarının` turmısına

qızıg`atug`ın ha`m olarg`a sheberlik penen basshılıq etetug`ın ata-analar en` abıroylı adamlar bolıp esaplanadı.

Balalarg`a qoyılatug`ın talaplarda birlik bolıwı ulıwma pedagogikalıq printsip bolıp esaplanadı. Onı mekteplerde, shan`araqta a`melge asırıw kerek. Shan`araqta balalardı ta`rbiyalawda to`mendegishe sha`rtlerge itibar beriw kerek:

1. Balalar ta`rbiyası ushın juwapkershilikti seziniw,
2. Pedagogikalıq bilimlerden xabardar bolıw,
3. Balag`a bolg`an mehir muxabbattı og`an talapshan`lıq penen qosıp alıp barıw.

Ta`rbiya ko`p ta`replemeli, uzaq dawam etetug`ın protsess. Balanı orap turg`an ortalıqtın` ha`mmesi – adamlar, na`rseler, ha`diyseler, onın` sanasında, minez-qulqında belgili iz qaldıradı, onı o`zgenrtedi ha`m rawajlandıradı.

Solay etip, shan`araqta ata-ana balasının` aldında abıroyg`a iye bolıp, u`lgi ko`rsetiwi kerek, pedagogikalıq a`depke iye bolıwı, shan`araqtag`ı turmıs ma`deniyatı bolıwı kerek. Sonday-aq, balalardın` jas ha`m jeke o`zgesheliklerin biliwi kerek.

Shan`araqtı to`mendegishe tu`rlerge ajıratıwg`a boladı:

1) **Kewildegidey shan`araq** - ma`mlekettin` miynet ha`m ja`miyetlik, siyasiy turmısında aktiv qatnasatug`ın ko`pshilik shan`araqlar usı tu`rge kiredi. Bul shan`araqlardın` aldında maqsetke bag`darlang`anlıq, joqarı ruwxıylıq, qızıg`ıwshılıq, adamgershilik, o`ndiris ha`m wazıypalarg`a juwapkershilik penen qaraydı. Bunday shan`araqlarda ata-analar ortasındag`ı qarım-qatnas, muxabbat ha`m bir-birin hu`rmet etiw tiykarında qurıladı. Ta`rbiyanın` maqset ha`m wazıypaların tu`sinedi, balanın` ku`shi ha`m mu`mkinshiliklerine isenedi, ol menen til tabısıwg`a ha`reket etedi.

2) **Hu`jjetlestirilgen na`tiyjeli shan`araq** - bunday shan`araqtın` aldına qoyg`an maqseti bolıp, o`ndiris wazıypalarına juwapkershilik penen

qaraydı, biraq shan`araq ag`zaları o`z-ara hu`rmet ruwxıy jaqınlıq joq. Ata-ana ha`m balalar ortasındag`ı qarım-qatnas bir tegis bolmaydı, ta`rbiyanın` maqset ha`m wazıypaların tu`sinbeydi, balalarg`a qoyılatug`ın talaplar ko`zabag`a boladı, onda balanın` mu`mkinshilikleri esapqa alınbaydı. Bunday shan`araqta balanın` turmısı nadurıs sho`lkemlestiriledi. Sonlıqtan, balada unamsız qa`siyetler rawajlanıwı mu`mkin: ata-anag`a hu`rmetsizlik, olardın` talapların orınlamaw h.t.b.

3) **Na`tiyjesiz shan`araq** - bunday shan`araqta ruwxıy qızıg`ıwshılıq, miynet da`stu`rlerinin` joqlıg`ı, turmıs islerin mensinbewshilik, xojalıqtı ju`ritiwde ta`rtipsizlik orın aladı. Shan`araq ag`zaları ortasında o`z-ara hu`rmet, ta`rbiyanın` maqset ha`m wazıypaların tu`siniw joq, olarda qızıg`ıwshılıqlardın` ha`lsizligi, tar pikirlilik, ata-analardın` ta`rbiyag`a nemquraylı qarawları payda boladı. Bunday shan`araq balanın` ta`biyatının` o`zgesheliklerinin` qa`liplesiwine unamsız ta`sir ko`rsetedi. Bunday ortalıqta o`sken bala qopal, urısqaq bolıp, u`lken jaslılardın` ha`m ja`ma`a`t talaplarına boysınbaydı. «Ta`rbiyası qıyın balalar» usınday shan`araqlardan shıg`adı.

4) **Jalg'ız shan`araq** - Bul ata-ananın` birinin` joqlıg`ı. Bunday shan`araq egerde og`an bir maqsetke bag`darlang`anlıq, o`ndiris ha`m shan`araq wazıypalarına juwapkershilik penen qaraw, ta`rbiyanın` maqseti ha`m wazıypaların tu`siniw orın alsa bul na`tiyjeli shan`araq, egerde bul sha`rtler buzılsa na`tiyjesiz shan`araq bolıp tabıladı.

Ta`rbiyashı balalardı ta`rbiyalawda joqarıda ko`rsetilgen shan`araq tu`rlerin esapqa alıwı kerek.

Hu`jjetlestirilgen na`tiyjeli shan`araq penen isleskende ta`rbiyashı olardın` itibarının` joqlıg`ı psixologiyalıq ortalıqtı, ata-analar ortasındag`ı qarım-qatnas usılın o`zgertiwge qaratadı. Ata-anag`a hu`rmetti ta`rbiyalaw, shan`araq ag`zaları ortasında miynet wazıypaların anıq bo`listiriw h.t.b. haqqında aytadı. Pedagog ata-analarg`a balanın` psixikalıq rawajlanıw

o`zgesheliklerin og`an ayrıqsha itibar menen qaraw za`ru`rligin tu`sindirip olardın` pedagogikalıq sawatın asıradı.

Na`tiyjesiz shan`araqlar menen isleskende pedagog o`z miynetleri, o`zinin` balalarına itibar beriwdi asırıw, balanın` shaxsın su`yiw ha`m hu`rmet etiwge ha`reket etedi.

Jalg`ız shan`araq penen isleskende ta`rbiyashı bala ushın ata yaki ananın` ornın basıwg`a ha`reket etiwi kerek.

Solay etip, ta`rbiyashı shan`araqlar menen jumıs alıp barıwda onın` tu`rine qarap is mazmunın belgilep alıwı kerek.

Mektepke shekemgi ta'lim mekemesi ta`rbiyashılarının` shan`araq penen alıp baratug`ın jumısının` mazmunına to`mendegiler kiredi: bala ta`rbiyası, shan`araqtı bekkemlew, analıq ha`m balalıqtı qorg`aw boyınsha baqshada a`melge asırılatug`ın jumıstın`mazmunı menen tanıstırıp barıw, ata-anag`a o`z perzentlerinin` ta`rbiyası ushın ma`mleket ha`m ja`miyet aldında juwapker ekenligin tu`sindirip barıw, ata-analardı bala ta`rbiyası ushın za`ru`r bolg`an bilimlerden xabardar etiw, balalardın` jas, anatomiyalıq ha`m fiziologiyalıq, ruwxıy o`zgeshelikleri, olardı shan`araqta ta`rbiyalawdın` mazmunı, metodı, jag`dayları menen tanıstırıw, bala ta`rbiyasında shan`araq penen birge islesiw, balanı durıs ta`rbiyalawdı qadag`alaw, shan`araq ta`rbiyasının` en` jaqsı u`lgilerin u`yreniw ha`m ulıwmalastırıw.

Bala baqshada iyelegen en` jaqsı qa`siyetlerin shan`araq dawam ettirip, shan`araqta iyelegen en` jaqsı qa`siyetlerin balalar baqshalarda qollansa go`zlegen na`tiyjege erisiw mu`mkin.  Bul islerge basshı juwapker bolıp esaplanadı. Ol ata-analar menen islesiwde jıllıq reje du`zedi. Ol pedagogikalıq ken`este talqılanadı. Onda ulıwma ha`m topar ma`jilisleri, ata-analar ushın ashıq esikler ku`ni, gu`rrin` ha`m ken`esler, ko`rgizbeler h.t.b. ilajlardı o`tkeriwdin` waqtı ha`m juwapker shaxslar belgilenedi. Bul ja`nede u`lken ta`rbiyashının` jobası menen ta`rbiyashının` kalendarlıq jobasında sa`wlelenedi.

Ata-analar menen islesiwde to`mendegishe jumıs formalarınan paydalanıladı:

1. Balanın` shan`arag`ında bolıwı;

2. Ata-analardın` baqshag`a keliwleri yamasa olardı mira`t etiw;

3. Ata-analar ha`m shan`araqtın` basqa ag`zaları menen gu`rrin`lesiwler, ken`es beriwler;

4. Ata-analar ma`jilisi;

5. Ata-analar ushın mu`yesh ha`m ko`rgizbeler sho`lkemlestiriw;

6. Ata-ana konferentsiyaları;

7. Ata-analar komiteti;

1) Balanın` shan`arag`ında bolıwdag`ı tiykarg`ı maqset - shan`araq jag`dayı, balanın` shan`araqtag`ı minez-qulqı, qızıg`ıwshılıqları, ata-anası ha`m shan`araq ag`zaları menen tanısıw, sonday-aq, ata-analardı bala ta`rbiyasının` na`tiyjeli usılları menen tanıstırıw ha`m shan`araqtın` bala ta`rbiyamındag`ı unamlı ta`jiriybelerin u`renip, ulıwmalastırıw.

Ta`rbiyashı balanın` u`yine tekseriwshi sıpatında emes, al dos bala ta`rbiyası qusag`an quramalı iste ja`rdem beriwshi sıpatında barıwı, shan`araq ag`zaları menen jaqsı qarım-qatnasta bolıwı kerek. Ta`rbiyashı ha`r bir shan`araqqa barıwdan aldın o`z aldına anıq maqset qoyıwı, qanday temada gu`rrin`lesiwdi aldın ala belgilep alıwı kerek. Ata-analarg`a beriletug`ın sorawlar puxta oylang`an bolıwı kerek.

Shan`araqqa barıwdan aldın ta`rbiyashı sol shan`araq haqqında belgili tu`sinikke iye bolıwı kerek. Ta`rbiyashı ata-analarg`a da`slep balasının` jaqsı qa`siyetleri haqqında so`ylep beriwi ha`m shan`araq ag`zalarının` perzentleri haqqındag`ı pikirlerin bilip aladı ha`m balanın` u`ydegi turmısın sho`lkemlestiriw, og`an nelerdi oqıp ha`m gu`rrin` etip beriw mu`mkinligi, balanın` ku`n ta`rtibi, onı shan`araqtın` miynetinde qatnastırıw, u`lkenlerge

hu`rmet ruwxında ta`rbiyalaw sıyaqlı ta`lim-ta`rbiya islerinin` mazmunı ha`m usılları boyınsha ko`rsetpeler beredi. Bul iste a`lbette balanın` jası, mu`mkinshilikleri ha`m o`zgeshelikleri esapqa alınadı. Son` bulardı ta`rbiyashı jazıp qoyıwı kerek.

2) Bunda ata-ana balanın` baqshadag`ı turmısı menen tanısadı. Onda balasının` o`zin tutıwı, na`wbetshilik etiwi, oynawı h.t.b. baqlanıwı mu`mkin. Ata-analardın` baqshag`a keliwleri ma`jiliske de baylanıslı bolıwı mu`mkin.

3) Gu`rrin`ler shan`araq penen jeke ta`rtipte islesiwdin` en` ken` tarqalg`an forması sıpatında balalardı qabıl etiw ha`m olardı u`yine qaytarıw waqtında o`tkeriledi. Bul arqalı pedagog ha`m ata-analar bir-biri menen jaqınnan tanısıw, balanın` turmısı haqqında bir-birin xabardar etiw, onın` jetisken tabısları, is-ha`reket, den-sawlıg`ındag`ı o`zgerislerdi baqlaw mu`mkinshiliklerin beredi. Bunday gu`rrin`ler qısqa bolsa da balalardın` ayırım is-ha`reketi ha`m keshirmelerin teren` tu`siniw mu`mkinshiligin beredi, ta`rtipsizliklerin saplastırıw, qızıg`ıwshılıqların qollap-quwatlawda ja`rdem beredi.

Ta`rbiyashı ata-ananı da tın`lay biliwi kerek.

Ken`esler gu`rrin`lerge jaqın. Onın` temaları to`mendegishe bolıwı mu`mkin:

- Balalarg`a nelerdi gu`rrin` etiw ha`m oqıp beriw kerek.
- Balalardın` sorawlarına qalay juwap beriw kerek.
- Bayramdı qaerde ha`m qalay o`tkeriw kerek.
- Teleko`rsetiwlerdin` paydası, zıyanı.
- Qaysarlıq, olardın` sebeplerin saplastırıw jolları.
- Balalardı ta`rtipli ju`riwge a`detlendiriw.

Ta`rbiyashı pedagog ken`es beriwge aldın ala tayarlanadı. Za`ru`rli a`debiyat ha`m ko`rgizbeli materiallardı tan`laydı, onın` o`tkeriw ku`ni ha`m saatı haqqında dag`aza qıstırıp, ata-analardı eskertedi. Onı ata-analar toparı

menen de o`tkeriwge boladı. Ken`esler o`tkergende vrach, xojalıq basshısı h.t.b. qatnasıwı mu`mkin. Ko`rgizbeli qurallardan paydalanıwı mu`mkin.

Ol ekige bo`linedi: 1. Ulıwma, 2. Topardag`ı ma`jilis.

Ulıwma ma`jiliske ha`r topardan ata-analar qatnasadı. Onda ta`lim-ta`rbiyalıq isler talqılanıp, onı jaqsılaw jolları belgilenedi. Bunday ma`jiliste baslıq yaki u`lken ta`rbiyashı lektsiyalar oqıwı, ata-analar so`zge shıg`ıwı mu`mkin.

Topardag`ı ata-analar ma`jilisinde belgili jastag`ı balalardın` ata-anaları ushın mashqalalı ma`seleler talqılanadı.

Ha`r bir ma`jilis qızıqlı bolıwı ushın ta`rbiyashı og`an tayarlıq ko`redi. Ko`rgizbeli materiallar: balalardın` jumısların ko`rsetiwi mu`mkin. Jıldın` aqırında o`tkeriletug`ın topar ma`jilisinde ata-analarg`a bir jıl dawamında a`melge asırılatug`ın ta`lim-ta`rbiya isleri ha`m kelesi jıldın` jobaları haqqında aytıp beriledi.

4) Ata-analar mu`yeshi ata-analarg`a pedagogikag`a ta`n mashqalalı ma`seleler menen tanısıw maqsetinde sho`lkemlestiriledi. Onda kitaplar, jurnallar, balalardın` isleri, shan`araqtag`ı ku`n ta`rtibi, balalar ushın menyu, dag`azalar bolıwı kerek. Ata-analar ushın ko`rgizbeler pedagogikalıq bilimlerdi tarqatıw maqsetlerinde sho`lkemlestiriledi. Olar ata-analar ma`jilisi, konferentsiya yaki ken`esler tu`rinde bolıwı mu`mkin. Ata-analar ushın mu`yeshler ha`m ko`rgizbeler shan`araq penen islesiwdin` ko`rgizbeli usılı bolıp tabıladı.

5) Ata-ana konferentsiyalarının` tiykarg`ı maqseti shan`araq ta`rbiyasının` en` jaqsı ta`jiriybesi menen almasıw. Onda ata-analar lektsiya jasaydı. Onı inspektor yamasa baqsha baslıg`ı alıp baradı. Lektsiyalar talqılang`annan son` juwmaq jasap ata-analarg`a qızıqtırg`an sorawlarına juwaplar qaytaradı. Lektsiyalar ushın temalar aldın ala talqılanadı ha`m olar oraylıq bir mashqalag`a bag`ıshlanadı. Olarda shan`araq ta`rbiyasının` qıyınshılıqları ata-analardın` pedagogikalıq ta`sir etiwinin` unamlı na`tiyjeleri

analizlenedi. Sonday-aq, olar ushın balalardın` jumıslarının` ko`rgizbesi ha`m balalardın` shıg`ıwların da kirgiziwge boladı.

6) Ata-analar komiteti basshıg`a ja`rdem sıpatında sho`lkemlestiriledi. Ol bir jıl mu`ddetke saylanadı. Onın` sostavına ha`r topardan 1-2 wa`kil kirgiziledi, olardın` arasınan baslıq ha`m xatker saylanadı. Komitet den-sawlıqtı saqlaw, xojalıq bazasın jaqsılaw, uchastkalardı ko`klemzarlastırıw, oqıw qollanbaların tayarlaw h.t.b. ja`rdemlesedi. Ol 2 ayda bir ma`rtebe o`tkeriliwi mu`mkin.

Bunnan basqa ha`r bir topardın` ata-analar komiteti bolıp, olar topar mashqalaların sheshiwge ja`rdemlesedi.

## 2.3.Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiw turleri.

Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiwdi jan`a pedagogikalıq texnologiya tiykarında uyreniwdin` a`meliy forması

**Oqıtıw maqsetleri**

- Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiw jumısları;
- Shan`araq birge islesiwinin` tiykarg`ı korinisleri ha`m usılları haqqında;
- Shan`araq penen birge islesiw islerinin` na`tiyjeliligin asırıw jolları;
- Ata-analar menen payda bolg`an ha`r qanday jag`daylarda tuwrı jol tutıwı.

| **İskerlik turlerinin` qısqasha mazmunı** | **Kerekli material:** |
|---|---|
| **1. "Birge islesiw degende neni tusinesiz?" Aqliy hujum. (10 minut)**<br>Trener tın`lawshılarg`a "Birge islesiw degende neni tusinesiz?" degen soraw beredi, og`an berilgen juwaplardı flipchart doskag`a jazıp baradı. Tın`lawshılar menen birgelikte juwaplar ulıwmalastırıladı. Trener tın`lawshılar menen « Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiw » temasında soraw-juwap otkizedi. | - Flipchart<br>- Markerlar<br>- Kartochkalar<br>- Qag`az<br>- Mediaproektor<br>Komp`yuter |

**2. “**Shan`araq birge islesiwinin` tiykarg`ı printsipleri**”**

**Kishi lektsiya. (15 minut)**

Trener tın`lawshılarg`a **“**Shan`araq birge islesiwinin` tiykarg`ı printsipleri**”** haqqında slaydlar korsetiw arqalı kishi lektsiya oqıydı h.t.b

“Ata-analar ham tarbiyachshılar ortasında na`tiyjeli birge islesiw printsipleri” tarqatpa materialın beredi.

**3. “Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları nede?” Kishi toparlarda islew. (20 minut).**

Trener qatnasıwshılarg`a kishi kartochkalarg`a jazılg`an “Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları”n birewden beredi. Doskag`a ulken vatmang`a “Da`sturiy pedagog” ha`m “Birgeliktegi pedagog” dep jazıladı ha`m vatman ekige bolinedi. Pedagog ayırmashılıg`ı boyınsha kartochka algan qatnasıwshı ozinin` kartochkasındag`ı ayırmashılıq qaysı tiptegi pedagogqa tiyisli bolsa, sol pedagog ta`repine kartochkası japıstıradı. Zaruriyat bolganda, trener qatnasıwshılarg`a ja`rdemlesip, bag`darlap turadı. İskerlik juwmag`ında trener qatnasıwshılarg`a “ Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları” tarqatpa materialın beredi.

**Tarqatma material:**
“Ata-analar ham tarbiyachshılar ortasında na`tiyjeli birge islesiw printsipleri”
“Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları”

**Xrestomatiya:**

“Shan`araq ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemesi birge islesiwi”

## ” Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinin` shan`araq penen birge islesiw jumısları korsetkishleri”. Slayd show. (20 m)

Trener qatnasıwshılarg`a shan`araq penen birge islesiw jumısları jolg`a qoyılg`anda, neler payda bolatug`ınlıg`ı slayd arqalı usınıs etiledi.

**Qarım-qatnas ta`jiriybelerin qollanıw**

- ☺Biz ma`slahat ham korsetpe beriwge qarag`anda kobirek balanın` ata-anasınan soraymız ha`m tın`laymız
- ☺Balanın` rawajlanıwındag`ı jetiskenlikleri ha`m jetiskenlikleri haqqında jazba ha`m awı-eki ra`wishte ata- analarg`a mag`lıwmat beremiz
- ☺Shan`araqlarg`a mag`lıumat beriw ha`m alıwdın` individual formaların qollaymız
- ☺Perzenlerine tiyisli bolg`an ken` kolemdegi temalardı talqılawg`a tayar ekenligimizdi ata-analarg`a korsetemiz
- ☺Ata-analarg`a talim dasturinin` maqset ha`m wazıypaların dag`azalawdan aldın olardan tilek ha`m usınısların soraymız
- ☺Ata-analardın` otinishleri, ideyaları ham usınıs tileklerine oz waqtında unamlı munasabet bildiremiz
- ☺Perzenlerine tiyisli mashqalalardı sheshiwde ata-analar menen birgelikte qarar qabıl qılamız

**Shan`araq ag`zalarına tan`law ha`m qarar qabıl etiw mumkinshiligin beriw**

- ☺Shan`araq ag`zalarına ozleri ha`m perzentlerinin` qızıg`ıwshılıqların ulıwmalastırıwg`a komeklesemiz: ata- analar ta`repinen maqsetler dizimin birgelikte duzemiz
- ☺Xızmetlerdi planlastırıw ha`m korsetiu protsessinde ata- analarg`a perzentleri menen baylanıslı ma`selelerde en` jaqsı ekspert sıpatında munasabet bildiremiz
- ☺Ata-analar menen birgelikte ta`lim ha`m tarbiya strategiyaların belgileymiz, ata-analar strategiyalardan qaysı biri olardın` za`rurlik ha`m muta`jliklerine sa`ykes keliwin ozleri anıqlaularına imkaniyat beremiz
- ☺Ata-analarg`a olar perzentlerinin` ta`lim-tarbiyası ma`selesinde qay jerde, qashan ha`m qanday qatnasıwların tan`law imkaniyatın beremiz

☺Uzliksiz turde ata-analardan tan`langan strategiyalar na`tiyjeliligi, dastur boyınsha isler na`tiyjesi ha`m kiritiliwi za`rur bolg`an ozgerisler haqqındag`ı pikirlerin soraymız

**Shan`araq ha`m balanın` kushli ta`replerin anıqlaw ha`m qollanıw**

☺Gurrin`lesiw, telefon ha`m xatlar arqalı shan`araqlarg`a perzentlerinin` kushli ta`repleri ha`m jetiskenlikleri haqqında mag`lıwmat berip baramız

☺Shanaraq ha`m balanın` keleshegine tiyisli maqsetleri, umit ha`m arzıwları haqqında ata-analardan mag`lıwmat alamız

☺Ata-analardın` bala rawajlanıwına qosqan sezimlerin tan alamız ha`m minnetdarshılıq bildiremiz.

☺Ata-analarg`a maqset ha`m ha`reketlerin balanın` kushli ta`replerine qaratıwlarına komeklesip, olardın` usınıs tileklerin rawajlanıw dasturine kiritemiz

☺Ata-analar perzentleri omirine salmaqlı unamlı ta`sir korsete alıwın tusiniwlerine komeklesemiz

**Shan`araq ham onın` ha`r qıylılıg`ın hurmetlew**

☺Shan`araqlardın` seziw ham pikirlerin qabıl etemiz ha`m hurmetleymiz, ha`tteki olar bizin` pikirlerimizge tuwrı kelmesede.

☺Shan`araqlardın` ma`deniy ha`m milliy qadriyatların tusinip islewge ha`reket qılamız

☺Shan`araq qadriyatları bizin` qadriyatlarımızdan ulıwma ajıralıp tursada, biz olardı qabıl qılamız

**Shan`araq ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemesi arasında doslıq birge islesiwdi jaratıw**

☺Shan`araq ag`zalarına topar iskerliginde aktiv qatnasıw mumkinshiligin beremiz, sonın` menen birge olar ozlerin qolaylı seziniwleri ushın bar kushimizdi sarıplaymız

☺Topar ma`jilislerin otkiziw boyınsha qarar qabıl qılıwda ata-analardın` pikirlerin inabatqa alamız

☺Ata-analardı balalar talimine qatnastıramız

☺Ata-analardı kun dawamında qalegen waqtında toparg`a qabıl etiwge tayarmız

**Ata-analar ha`m tarbiyashılar ortasında na`tiyjeli birge islesiwdin` printsipleri**

- Ata-analar ha`m tarbiyashılar ortasında oz-ara hurmet.
- Ata-analar ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemesi ta`rbiyashıları ortasında bolatug`ın qarım-qatnastın` kelisilgen usılın aldınnan belgilep alıw kerek.
- Jaqın baylanıstı saqlap turıw ushın oz-ara kelisilgen halda dawamlı ushırasıwlar sholkemlestiriw.
- Ata-analardın` ta`jriybesinen kelip shıg`ıp, olardın` mektepke shekemgi ta`lim mekemeleriindegi ha`r turli shınıg`ıwlarg`a qatnasıwın ta`miyinlew.
- Shan`araqlardag`ı ma`deniy ozgesheliklerdi hurmet qılıp, shınıg`ıwlar ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde otkeriletug`ın kesheler arqalı shinig'iwlar ha'm mektepke shekemgi ta'lim mekemeleri kesheleri o'tkeriw ozgesheliklerdi uyreniw.
- Shan`araq ha`m balanın` kushli ta`replerine dıqqat qaratıw.
- Ata-analar ha`m tarbiyashılar ortasında bala ha`m shan`araqqa tiyisli axborot almasılg`anda,isenimge a`mel qılıw. Birge islesiwde isenim juda` a`hmiyetli esaplanadı.

**“Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları”**

| *Da`sturiy pedagog* | *Birgeliktegi pedagog* |
|---|---|
| Baslawshı danıshpan (qanday jol menen is tutıwdı uyretedi, korsetedi, xabar beredi) | Gid (qatnasıwshılardın` keliuine tiykarlang`an halda jol baslaydı) |
| Basqaradı | Sorawlar beredi |
| Balanı bahalaydı ha`m onın` rawajlanıwı haqqında ata- analarg`a mag`lıwmat beredi | Ata-analardan bala haqqında soraydı ha`m olar menen birgelikte onın` rawajlanıwın bahalaydı |
| Barlıq sorawlarg`a juwaptı ozi beredi | Ata-analar menen birgelikte mashqalalar sheshimin izleydi |
| Balanı ha`m ulıwma topardın` rawajlanıw maqsetlerin belgileydi | Ata-analardın` balag`a ha`m ulıwma toparg`a qarag`anda qa`lewlerin uyrenedi ha`m olarg`a ozinin` usınısların qosadı |
| Ata -analarg`a uyge tapsırma beredi | Ata-analar menen birgelikte dodalap, shan`araq sharayatına ha`m turmıs bag`darına tuwrı keletug`ın iskerlik turlerin izleydi ha`m usınıs etedi |
| Kobinese arnawlı sozlerdi(terminlarni) qollanadı | Ata-analarg`a tusinikli turde soyleydi |
| Ata-analar og`an sawatlı qa`nige sıpatında munasabette bolıwların qa`leydi | Ata-analarg`a ozinin` kush ha`m bilimlerin bahalawlarına, wz ha`reketlerin tuwrılıg`ına isenim payda etiwlerine ja`rdem beredi. Sonın` menen birge oqıtıwg`a, oqıp uyreniwge de tayar. |

Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde shan`araqqa bag`darlang`an birge islesiwdin` a`meliy korsetkishleri:

- ➪ Unamlı qarım-qatnasıq konlikpelerin qollanıw;
- ➪ Shan`araq ag`zalarına tan`law ha`m qarar qabıl etiw mumkinshiligin beriw;
- ➪ Shan`araq ha`m balanın` kushli, unamlı ta`replerin anıqlaw ha`m qollanıw;
- ➪ Shan`araqlardın` ozgesheliklerin hurmet qılıw;
- ➪ Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri ham shan`araq ortasında doslıq birge islesiwdi jaratıw.

Usı korsetkishler bag`darlaushı bolıp, onı ha`r bir mekeme shan`araqqa bag`darlang`an birge islesiwdi ozinin` sharayatına sa`ykeslendirip alıwı lazım.

Demek, birge islesiwdi jaqsı jolg`a qoyıw ushın mektepke shekemgi ta`lim mekemesi ozinin` pozitsiyasın korip shıg`ıwı lazım ha`m ata-analar menen is alıp barıwda qaniygelik majburiyatlarınan bala keleshegi jolında birge islesiwdi a`melge asırıw kerek.

Sonnan kelip shıg`adı, da`sturiy pedagog rolinen bas tartıp, birgeliktegi pedagog roline kirisiw payda esaplanadı.

## Juwmaqlaw

O`zbekstan Respublikası mektepke shekemgi ta`lim haqqındag`ı Nızamg`a muwapıq bala mektepke shekemgi ta`limdi u`yde, ata-analardın` erkin ta`lim beriwi arqalı yamasa dawamlı iskerlik ko`rsetetug`ın mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde, sonday-aq mektepke shekemgi ta`lim mekemelerine qaratılmag`an balalar ushın mektepke shekemgi ta`lim mekemelerde, mekteplerde, ma`ha`llelerde sho`lkemlestirilgen arnawlı toparlar yaki oraylarda aladı. Bul jerde olar ha`ptede 2-3 ret shug`ıllanadı. Ata-analarg`a mektepke shekemgi ta`lim formasın tan`law huqıqı beriledi.

6-7 jaslı balanın` mektep ta`limine tayarlıg`ın anıqlawdı mektepke shekemgi jastag`ı balalar ta`lim-ta`rbiyası menen shug`ıllanıwshılar tiykarg`ı sha`rt esaplang`an – balanın` mektepke tayarlıg`ı mektepke shekemgi ha`m mektep da`wirindegi turmıs ta`rizi ha`mde iskerligi ushın ko`pir wazıypasın atqarıwı, shan`araq yamasa mektepke shekemgi ta`lim mekemesindegi ta`lim-ta`rbiya sha`rayatlarındag`ı mektep ta`limine azarsız o`tkeriwdi ta`miyinlew za`ru`rligin esapqa alıwları kerek.

Ata-analar o`z balalarınan qanday insanlar ta`rbiyalap atırg`anlıg`ın, olarda qanday paziyletler payda bolatug`ınlıg`ın ko`z aldına sa`wlelendirıwı kerek. Shan`araqtın` turmıs ma`deniyatı, shan`araq ag`zalarının` bir-birine hu`rmetli qarım-qatnası ha`m pu`tin shan`araq turmısın tuwrı sho`lkemlestiriwdi o`z ishine aladı. Bunday shan`araqlarda ta`rbiyalanıp atırg`an balalar a`ste-aqırın u`lkenlerdin` turmıs ta`jiriybelerin iyelep aladı. Bala menen shın kewilden sa`wbetlesiw balanı ata-anag`a jaqınlastıradı, olar ortasında mehr-aqibet ku`sheyedi. Shan`araqta ku`n ta`rtibine boysınbasa, u`y jumısları shan`araq ag`zaları ortasında tuwrı bo`listirilmese, bunday jag`daydag`ı balalardın` turmıs ta`jribesi kem bolg`anlıg`ı sebepli har qanday jumıstı o`zbetinshe orınlay almaydı ha`m qopal, ashıwshaq bolıp qaladı. Baqsha ta`rbiyashılarının` shan`araq penen alıp baratug`ın jumısının`

mazmunına to`mendegiler kiredi: bala ta`rbiyası, shan`araqtı bekkemlew, analıq ha`m balalıqtı qorg`aw boyınsha baqshada a`melge asırılatug`ın jumıstın`mazmunı menen tanıstırıp barıw, ata-anag`a o`z perzentlerinin` ta`rbiyası ushın ma`mleket ha`m ja`miyet aldında juwapker ekenligin tu`sindirip barıw, ata-analardı bala ta`rbiyası ushın za`ru`r bolg`an bilimlerden xabardar etiw, balalardın` jas, anatomiyalıq ha`m fiziologiyalıq, ruwxıy o`zgeshelikleri, olardı shan`araqta ta`rbiyalawdın` mazmunı, metodı, jag`dayları menen tanıstırıw, bala ta`rbiyasında shan`araq penen birge islesiw, balanı durıs ta`rbiyalawdı qadag`alaw, shan`araq ta`rbiyasının` en` jaqsı u`lgilerin u`yreniw ha`m ulıwmalastırıw.

Bala baqshada iyelegen en` jaqsı qa`siyetlerin shan`araq dawam ettirip, shan`araqta iyelegen en` jaqsı qa`siyetlerin balalar baqshalarda qollansa go`zlegen na`tiyjege erisiw mu`mkin.  Bul islerge basshı juwapker bolıp esaplanadı. Ol ata-analar menen islesiwde jıllıq reje du`zedi. Ol pedagogikalıq ken`este talqılanadı. Onda ulıwma ha`m topar ma`jilisleri, ata-analar ushın ashıq esikler ku`ni, gu`rrin` ha`m ken`esler, ko`rgizbeler h.t.b. ilajlardı o`tkeriwdin` waqtı ha`m juwapker shaxslar belgilenedi. Bul ja`nede u`lken ta`rbiyashının` jobası menen ta`rbiyashının` kalendarlıq jobasında sa`wlelenedi.

- Ata-ana ha`m shan`araq penen jeke islesiw. Bunda shan`araqta ta`rbiyashının` barıwı, ata-analar ushın sa`wbet o`tkeriw, olarg`a ma`sla`ha`t beriw, ata-analardı balanın` Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerindegi turmısı menen tanıstırıw sıyaqlılar kiredi.

- Ata-analar menen ja`ma`a`t ta`rizinde sho`lkemlestiriletug`ın jumıslar. Bular ata-analardın` toparlıq ha`m ulıwmalıq ma`jilisleri, ata-analar mektebi, shembilikler, soraw-juwap kesheleri.

- Ko`rsetpeli jumıslar – jumıstın` bul tu`ri: ko`rgizbeler uyımlastırıw, balalardın` islerin ko`rsetiw, ashıq esikler ku`ni, ata-analar mu`yeshi, ata-analar ushın kitapxanalar sho`lkemlestiriw.

- Balanın` shan`arag`ın barıp ko`riw ha`m shan`araq ag`zaları menen jaqınnan tanısıw.

- Ata-analar pedagogikalıq ta`lim beriw ha`m basqalardı ko`rsetiw mu`mkin.

Juwmaqlap aytqanda, balalar mektep ta`limine tayarlıg`ına ta`sir etiwshi printsipler haqqında aytar ekenbiz, mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı shan`araqta ta`rbiyanın` ata-analar menen birge islesiwde, bunnan keyin ja`ne de quramalastırıw jolları izlep tabılsa maqsetke muwapıq bolar edi. Shan`araqtag`ı ta`rbiyanın` sotsial ta`rbiya menen baylanısın bekkemlew mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi qa`nigelerinin` pedagogikalıq alımları, bul tarawda ilimiy jumıs alıp barıwshı ta`jiriybe ha`m metodistlerdin` ornı ju`da` u`lken.

Paydalanılg`an a`debiyatlar


1. O`zbekstan Respublikası Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri. T., 1997.
2. A.Munavvarov «Oila pedagogikasi» T, «Uqituvchi» 1994 y
3. O.Turaeva «Oila etikasi va psixologiyasi» T, «Wqituvchi» 1998y
4. M.Xalmatova «Oylaviy munosabatlar madaniyati va sog`lom avlod tarbiyasi» T, «Wqituvchi» 2000 y
5. E.Yusupov, U.Yusupov «Oila-ma`naviyat bulog`i» Toshkent 2003
6. Xalıq pedagogikası. - T., "Universitet", 1993.
7. O.Xasanbaeva Pedagogika tariyxınan xrestomatiya. T., "Oqıtıwshı", 1993.
8. R.Mavlonova ha`m basqalar. Pedagogika. -T., "Oqıtıwshı", 2002.
9. Pedagogika Munavvarov tahriri ostida. -T., " Oqıtıwshı ", 1997.
10. B.Ziyamuhammedov ha`m b. Pedagogika. -T, 2000.
11. P.Yusupova Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. -T., 1993.
12. S.A.Kozlova, T.A.Kulikova Doshkol`naya pedagogika -M., 2000.

Qosimsha

Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiwdi jan`a pedagogikalıq texnologiya tiykarında uyreniwdin` a`meliy forması

**Oqıtıw maqsetleri**

- Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiw jumısları;
- Shan`araq birge islesiwinin` tiykarg`ı korinisleri ha`m usılları haqqında;
- Shan`araq penen birge islesiw islerinin` na`tiyjeliligin asırıw jolları;
- Ata-analar menen payda bolg`an ha`r qanday jag`daylarda tuwrı jol tutıwı.

| **İskerlik turlerinin` qısqasha mazmunı** | **Kerekli material:** |
|---|---|
| **1. "Birge islesiw degende neni tusinesiz?" Aqliy hujum. (10 minut)**<br>Trener tın`lawshılarg`a "Birge islesiw degende neni tusinesiz?" degen soraw beredi, og`an berilgen juwaplardı flipchart doskag`a jazıp baradı. Tın`lawshılar menen birgelikte juwaplar ulıwmalastırıladı. Trener tın`lawshılar menen « Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri-shan`araq-ja`miyet ortasındag`ı birge islesiw » temasında soraw-juwap otkizedi. | - Flipchart<br>- Markerlar<br>- Kartochkalar<br>- Qag`az<br>- Mediaproektor<br>Komp`yuter |
| **2. "**Shan`araq birge islesiwinin` tiykarg`ı printsipleri**"**<br>**Kishi lektsiya. (15 minut)**<br>Trener tın`lawshılarg`a **"**Shan`araq birge islesiwinin` tiykarg`ı printsipleri**"** haqqında slaydlar korsetiw arqalı kishi lektsiya oqıydı h.t.b<br>"Ata-analar ham tarbiyachshılar ortasında na`tiyjeli birge islesiw printsipleri" tarqatpa materialın beredi. | **Tarqatma material:**<br>"Ata-analar ham tarbiyachshılar ortasında na`tiyjeli birge islesiw printsipleri"<br>"Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` |

**3. “Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları nede?” Kishi toparlarda islew. (20 minut).**

Trener qatnasıwshılarg`a kishi kartochkalarg`a jazılg`an “Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları”n birewden beredi. Doskag`a ulken vatmang`a “Da`sturiy pedagog” ha`m “Birgeliktegi pedagog” dep jazıladı ha`m vatman ekige bolinedi. Pedagog ayırmashılıg`ı boyınsha kartochka algan qatnasıwshı ozinin` kartochkasındag`ı ayırmashılıq qaysı tiptegi pedagogqa tiyisli bolsa, sol pedagog ta`repine kartochkası japıstıradı. Zaruriyat bolganda, trener qatnasıwshılarg`a ja`rdemlesip, bag`darlap turadı. İskerlik juwmag`ında trener qatnasıwshılarg`a “ Da`sturiy ha`m birgeliktegi pedagoglardın` ayırmashılıqları” tarqatpa materialın beredi.

ayırmashılıqları”

**Xrestomatiya:**

“Shan`araq ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemesi birge islesiwi”

- Ata-analar ha`m tarbiyashılar ortasında oz-ara hurmet.
- Ata-analar ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemesi ta`rbiyashıları ortasında bolatug`ın qarım-qatnastın` kelisilgen usılın aldınnan belgilep alıw kerek.
- Jaqın baylanıstı saqlap turıw ushın oz-ara kelisilgen halda dawamlı ushırasıwlar sholkemlestiriw.
- Ata-analardın` ta`jriybesinen kelip shıg`ıp, olardın` mektepke shekemgi ta`lim mekemeleriindegi ha`r turli shınıg`ıwlarg`a qatnasıwın ta`miyinlew.
- Shan`araqlardag`ı ma`deniy ozgesheliklerdi hurmet qılıp, shınıg`ıwlar ha`m mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde otkeriletug`ın kesheler arqalı shinig’iwlar ha’m mektepke shekemgi ta’lim mekemeleri kesheleri o’tkeriw ozgesheliklerdi uyreniw.
- Shan`araq ha`m balanın` kushli ta`replerine dıqqat qaratıw.

Ata-analar ha`m tarbiyashılar ortasında bala ha`m shan`araqqa tiyisli axborot almasılg`anda,isenimge a`mel qılıw. Birge islesiwde isenim juda` a`hmiyetli esaplanadı.